

**TEMBUNG KAHANAN *POLIMORFEMIS* ING CERKAK KALAWARTI
DJAKA LODANG EDISI TAUN 2015**

SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Salah Satunggaling Sarat Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



dening

Riska Ika Susilawati

NIM. 14205241076

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

PASURUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “Tembung Kahanan *Polimorfemis* ing Cerkak Kalawarti *Djaka Lodang Edisi Taun 2015*” menika sampun pikantuk palilah dening *pembimbing* kangge dipunujekaken.



Yogyakarta, 11 Juli 2018


Pembimbing

Dra. Siti Mulyani, M. Hum.

NIP. 19620729 198703 2 002

PENGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “Tembung Kahanan *Polimorfemis* ing Cerkak Kalawarti *Djaka Lodang Edisi Taun 2015*” menika sampun dipunandharaken wonten ing pandadaran sangajenging Dewan Penguji tanggal 3 Juli 2018 saha dipuntetepaken lulus.

 DEWAN PENGUJI			
Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dra. Siti Mulyani, M. Hum.	Ketua Penguji		11 - 7 - 2018
Sri Hertanti Wulan, M. Hum.	Sekretaris Penguji		11 - 7 - 2018
Drs. Hardiyanto, M. Hum.	Penguji Utama		11 - 7 - 2018

Yogyakarta, 11 Juli 2018

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan



Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum.

NIP. 19571231 198303 2 004

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : Riska Ika Susilawati
NIM : 14205241076
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih skripsi menika saking asiling garapanipun kula piyambak. Samangretos kula, skripsi menika boten ngewrat seratan dening tiyang sanes, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan skripsi. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, sedayanipun dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 11 Juli 2018

Panyerat,



Riska Ika Susilawati

SESANTI

*Allah akan meninggikan orang-orang yang beriman di antaramu dan orang-orang yang diberi **ilmu pengetahuan** beberapa derajat.
(Q.S Mujadilah: 11)*

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT, skripsi menika kula aturaken
dhumateng Bapak saha Ibu kula ingkang sampun paring panjurung,
panyengkuyung, saha donga pangestu satemah skripsi menika saged paripurna.

PRAWACANA

Puji syukur panyerat aturaken dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayahipun, satemah panyerat saged ngrampungaken skripsi kanthi irah-irahan “Tembung Kahanan *Polimorfemis* ing Cerkak Kalawarti *Djaka Lodang Edisi Taun 2015*” menika saged kaimpun kanthi sae. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat anggayuh *gelar sarjana pendidikan*. Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Ibu Dra. Siti Mulyani, M. Hum. minangka Dosen Pembimbing skripsi ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, saha bimbingan kanthi sareh saha ekhlas sadangunipun kula nyerat skripsi, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Skripsi menika saged paripurna ugi amargi sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal dhateng kula kangge pados ngelmu.
2. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Ibu Venny Indria Ekowati, M. Litt. minangka Dosen Penasehat Akademik ingkang sampun paring bimbingan, panyengkuyung, saha panjurungipun sadangunipun kula sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi tumrap panyerat.
6. *Staf* karyawan Jurusan Pendidikan Bahasa dan Seni awit saking pambiyantunipun.

7. *Dosen Penguji Tugas Akhir Skripsi* ingkang sampun paring pambiji saha pamrayoginipun.
8. Tiyang sepuh kula, Bapak Sriyanto Harjanto saha Ibu Paryanti ingkang sampun paring pangestunipun.
9. Kanca-kanca Klas B Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2014 saha sadaya *pihak* ingkang sampun panjurung saha pandonganipun dhateng panyerat satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Skripsi menika tamtu kemawon taksih dereng saged kawastanan sae, jangkep menapa malih paripurna. Pramila saking menika sadaya pamrayogi menapa dene panyaruwe saking sedayanipun tansah katampi kanthi bingahing manah saha agunging panuwun. Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mug-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 11 Juli 2018

Panyerat,



Riska Ika Susilawati

WOSING ISI

Kaca

IRAH-IRAHIPUN	i
PASURUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
DAFTAR TABEL	xii
DAFTAR LAMPIRAN	xiii
DAFTAR CEKAKAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Panaliten.....	4
C. Watesaning Panaliten.....	5
D. Wosing Panaliten	5
E. Ancasing Panaliten.....	6
F. Paedahing Panaliten.....	6
G. Pangretosan.....	6
BAB II GEGARAN TEORI	8
A. <i>Morfologi</i>	8
1. Pangertosan	8
2. <i>Proses Morfologi</i>	9
a. Tembung Andhahan	10
b. Tembung Rangkep	13
c. Tembung Camboran	16
B. Tembung	18
C. Tembung Kahanan	19

D. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i>	20
1. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> mawi Wuwuhan	21
2. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Rangkep	23
3. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Camboran.....	24
4. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Kombinasi	25
E. Jinising Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i>	25
1. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Jinis Wujud	25
2. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Jinis Ukuran	26
3. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Jinis Warni	29
4. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Jinis Raos	30
5. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Jinis Mental.....	31
F. Panaliten ingkang Jumbuh.....	32
G. Nalaring Pikir	34
BAB III CARA PANALITEN	37
A. Jinising Panaliten	37
B. <i>Data</i> saha Sumbering <i>Data</i>	37
C. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i>	38
D. Pirantining Panaliten.....	39
E. Caranipun <i>Nganalisis Data</i>	41
F. <i>Validitasi</i> saha <i>Realibilitas</i>	43
BAB IV ASILING PANALITEN	45
A. Asiling Panaliten.....	45
B. Pirembagan.....	54
1. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Andhahan mawi Wuwuhan	56
a. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Andhahan mawi Wuwuhan Ater-Ater	56
b. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Andhahan mawi Wuwuhan Seselan	68
c. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Andhahan mawi Wuwuhan Panambang.....	71

d. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Andhahan mawi Wuwuhan Sesarengan	75
2. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Rangkep	80
a. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Rangkep Dwilingga.....	81
b. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Rangkep Dwilingga Semu	86
c. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Rangkep Dwilingga Salin Swara	87
d. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Rangkep Dwipurwa	89
3. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Camboran.....	90
a. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Camboran Lingga kaliyan Lingga	90
b. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Camboran Lingga kaliyan <i>Morfem Unik</i>	92
4. Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i> Kombinasi.....	96
BAB V PANUTUP	98
A. Dudutan.....	98
B. <i>Implikasi</i>	99
C. Pamrayogi	100
KAPUSTAKAN	101
LAMPIRAN	103

DAFTAR TABEL

Kaca

<i>Tabel 1. Wuwuhan Basa Jawi</i>	11
<i>Tabel 2. Format Kertu Data Tembung Kahanan Polimorfemis</i>	39
<i>Tabel 3. Wujud, Pandhapuking, saha Jinis Tembung Kahanan Polimorfemis</i>	46

DAFTAR LAMPIRAN

Kaca

Lampiran 1. <i>Tabel Asiling saha Analisis Wujud, Pandhapuking, saha Jinis Tembung Kahanan Polimorfemis ing Cerkak Kalawarti Djaka Lodang Edisi Taun 2015</i>	103
---	-----

DAFTAR CEKAKAN

DL	: Dwilingga
DLS	: Dwilingga salin swara
DL Semu	: Dwilingga semu
DP	: Dwipurwa
KDL	: Kalawarti <i>Djaka Lodang</i>
L	: Lingga
N	: <i>Nasal</i>
TA	: Tembung aran
TK	: Tembung kahanan
TKP	: Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i>

TEMBUNG KAHANAN *POLIMORFEMIS* ING CERKAK KALAWARTI *DJAKA LODANG EDISI* TAUN 2015

Dening Riska Ika Susilawati
NIM 14205241076

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngrembag babagan tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015. Panaliten menika ngandharaken wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* ing panaliten menika awujud tembung kahanan *polimorfemis*. Sumber datanipun cerkak ing kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015. Cara ngempalaken *data* kanthi cara maos saha nyerat. *Data* dipunanalisis kanthi cara *teknik deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakaken *validitas triangulasi teori*, *validitas intrarater*, saha *validitas interrater*. *Realibilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *realibilitas stabilitas*.

Wujud tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kapanggihaken tembung andhahan, tembung rangkep, tembung camboran, saha tembung kahanan *polimorfemis kombinasi*. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater ingkang kapanggihaken N {ng-, n-, m-} saha {kuma-}. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan seselan ingkang kapanggihaken {-um-}. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan panambang ingkang kapanggihaken {-an}. Tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan sesarengan ingkang kapanggihaken wuwuhan sesarengan {ka-/an} saha {N-/i}. Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep ingkang kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga, rangkep dwilingga semu, rangkep dwilingga salin swara, saha tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwipurwa. Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kapanggihaken camboran ingkang kadhapuk saking tembung lingga kaliyan tembung lingga {L+L} saha kadhapuk saking tembung lingga kaliyan *morfem unik* {L+Unik}. Tembung kahanan *kombinasi* ingkang kapanggihaken kadhapuk saking tembung lingga ingkang dipunrangkep mawi wuwuhan. Pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* ngandharaken pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* ingkang awujud tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan, tembung rangkep, tembung camboran, saha tembung kahanan *polimorfemis kombinasi*. Jinising tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kapanggihaken kaperang dados gangsal inggih menika tembung kahanan jinis wujud, jinis ukuran, jinis warni, jinis raos, saha tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental*.

Pamijining tembung: tembung kahanan, *polimorfemis*, cerkak.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa Jawi menika basa ingkang dipunginakaken tiyang Jawi kangge sarana wawan rembag minangka sesambetan ing bebrayan. Wawan rembag menika dipunginakaken kangge ngandharaken kekajengan, pangraos, utawi pamanggih saking panutur dhateng mitra tutur. Salah satunggaling cara kangge ngandharaken pangraos saha pamanggih inggih menika kanthi wujud seratan. Panyerat anggenipun ngandharaken pangraos saha pamanggih kanthi seratan kedah nggatosaken panganggening ukara saha pamilihing tembung supados ancas saking andharan kasebat saged dipunmangertosi maksudipun.

Seratan-seratan menika kasusun saking ukara-ukara. Ukara-ukara menika kadhapuk saking mapinten-pinten tembung. Tembung-tembung maneka warni jinisipun. Adhedhasar jinisipun tembung, tembung basa Jawi saged kaperang dados 10 inggih menika tembung aran, tembung kriya, tembung sipat, tembung katrangan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung panggandheng, tembung ancer-ancer, tembung panyilah, saha tembung panyeru (Sasangka, 2001: 98). Salah satunggaling jinising tembung ingkang ndhapuk ukara inggih menika tembung sipat. Tembung sipat ugi saged dipunsebat tembung kahanan (Sasangka, 2001: 103).

Tembung menika saged dipunsebat tembung kahanan amargi wonten titikanipun. Titikanipun tembung kahanan menika saged dipuntingali saking titikan *morfologis* saha *sintaksis*. Titikan *morfologis* tembung kahanan inggih menika tembung kahanan saged karaketan wuwuhan sesarengan {ke-/en}.

Tuladhanipun tembung kahanan karaketan wuwuhan sesarengan {ke-/en} inggih menika tembung **kematengen**. Tembung **kematengen** menika lingganipun **mateng**. Tembung **kematengen** kadhapuk saking tembung **mateng** ‘mateng’ lajeng karaketan wuwuhan sesarengan {**ke-/en**}. Tembung **mateng** kalebet tembung kahanan amargi saged karaketan wuwuhan sesarengan {ke-/en} satemah dados tembung **kematengen** ingkang tegesipun ngandharaken kahanan satunggaling bab ingkang asipat langkung ing lingganipun.

Titikan *sintaksis* tembung kahanan inggih menika tembung kahanan saged dipunwuwuhi tembung **rada**, **luwih**, **ora**, **dhewe**, utawi **banget**. Tuladhanipun tembung **ayu** manawi dipunwuwuhi tembung **rada**, **luwih**, **ora**, **dhewe**, saha **banget** dados **rada ayu**, **luwih ayu**, **ora ayu**, **ayu dhewe**, saha **ayu banget**.

Tembung kahanan gadhah sipat *unik* bilih dipuntandhingaken kaliyan tembung sanesipun inggih menika tembung kahanan saged kadhapuk saking tembung kahanan ingkang karaketan kaliyan *morfem unik* tuladhanipun tembung **abang mbranang** saha **padhang njingglang**. Tembung **abang mbranang** ‘abrit sanget’ kadhapuk saking tembung kahanan **abang** ‘abrit’ ingkang karaketan *morfem unik* **mbranang**. Wondene tembung **padhang njingglang** ‘terang sanget’ kadhapuk saking tembung kahanan **padhang** ‘terang’ kaliyan *morfem unik* **njingglang**. *Morfem unik* **mbranang** namung saged karaketan kaliyan tembung kahanan **abang** dene *morfem unik* **njingglang** namung saged karaketan kaliyan tembung kahanan **padhang**.

Tembung kahanan menika wujudipun wonten kalih inggih menika *monomorfemis* kaliyan *polimorfemis*. Panaliten ingkang dipunrembag inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* amargi tembung kahanan *polimorfemis* ngalami ewahing wujud saha teges bilih dipuntingali saking *proses morfologisipun* tembung utawi *morfemipun* dene tembung kahanan *monomorfemis* boten ngalami ewahing wujud saha teges amargi boten ngalami *proses morfologisipun* bilih dipuntingali saking wujud *morfemipun*.

Tembung kahanan *polimorfemis* menika saged kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015. Cerkak-cerkak menika minangka salah satunggaling wujud seratan Jawi ingkang nggatosaken panganggening *struktur gramatikal* mliginipun tembung kahanan *polimorfemis*. Panganggening tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 menika ngrembag wujud, pandhapuking, saha jinis tembung. Tuladhanipun tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 kaandharaken wonten ngandhap menika.

“Ananging bagean dhadha lan gegere Joko uga pating plenthing **abang-abang**.”
(KDL: 01: 20/6/15)

Saking tuladha wonten ing ngginggil menika tembung **abang-abang** kalebet tembung kahanan *polimorfemis* ingkang wujud dwilingga amargi tembung **abang-abang** kadhapuk kanthi ngambali tembung lingganipun ‘abang’ kanthi wetah. Miturut jinising tembung **abang-abang** kalebet tembung kahanan warni amargi ngandharaken warni **abang** ‘abrit’. Pandhapuking tembung **abang-abang**

‘kathah-kathahipun warni abrit’ kanthi cara ngambali kanthi wetah tembung lingga **abang** ‘abrit’ + dwilingga (DL).

Awit saking andharan menika mliginipun bab wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis* menika narik kawigatosanipun panaliti kangge ngrembag langkung wiyar. Panaliten ingkang dipuntindakaken menika dipunsukani irah-irahan “Tembung Kahanan *Polimorfemis* ing Cerkak Kalawarti *Djaka Lodang Edisi Taun 2015*”.

B. Underaning Panaliten

Miturut dhasaring panaliten, undheraning perkawis panaliten ingkang dipuntliti kaserat wonten nggandhap menika.

1. Wujuding tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi taun 2015*.
2. Pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi taun 2015*.
3. Jinising tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi taun 2015*.
4. Tegesing tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi taun 2015*.
5. *Produktivitas* tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi taun 2015*.

C. Watesaning Panaliten

Adhedhasar underaning perkawis saged dipuntingali bilih perkawis-perkawis ingkang kapanggihaken langkung kathah. Pramila kedah dipunwatesi supados mangkih saged ngasilaken panaliten ingkang *fokus*. Watesaning panaliten ingkang dipuntindakaken kaserat ing ngandhap menika.

1. Wujuding tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.
2. Pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.
3. Jinising tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.

D. Wosing Panaliten

Wosing perkawis wonten ing panaliten ingkang dipuntindakaken kados wonten ngandhap menika.

1. Menapa kemawon wujuding tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.
2. Kadospundi pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.
3. Menapa kemawon jinising tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.

E. Ancasing Panaliten

Panaliten ingkang dipuntindakaken gadhah ancas kados ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken wujud ing tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi taun 2015*.
2. Ngandharaken pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi taun 2015*.
3. Ngandharaken jinising tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi taun 2015*.

F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten ingkang dipuntindakaken menika kaajab saged dados sumbering piwulang kagem para pamaos kaangkah kagem guru, murid, sarta masarakat umum ingkang remen nliti bab basa saha sastra Jawi mliginipun ngrembag babagan *proses morfologis* tembung kahanan *polimorfemis* miturut wujud, padhapuking, saha jinis tembung kahanan ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang*.

G. Pangertosan

1. Tembung kahanan inggih menika tembung ingkang nedahaken watak utawi sipating barang.
2. Tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika tembung kahanan ingkang kadadosan saking kalih *morfem* utawi langkung (Wedhawati, 2006: 181).

Tuladha tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika **kadohan**. Tembung **kadohan** menika lingganipun tembung **adoh** ‘tebih’. Tembung **adoh** kalebet tembung kahanan amargi miturut titikan *sintaksis* tembung **adoh** saged dipunwuwuhi kaliyan tembung **rada**, **dhewe**, **luwih**, utawi **banget** satemah dados **rada adoh**, **adoh dhewe**, **luwih adoh**, **adoh banget**. Tembung **kadohan** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* amargi kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika *morfem* ‘**adoh**’ kaliyan *morfem* {ka-/an}. Tembung kahanan *polimorfemis* ingkang dipunrembag ing panaliten inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.

BAB II GEGARAN TEORI

A. *Morfologi*

1. Pangertosan

Tembung *morfologi* menika saking basa Inggris *morphology* ingkang tegesipun ngelmu basa ingkang nyinau bab wujuding tembung (Yasin, 1988: 19). Tembung *morfologi* miturut *etimologis* asalipun saking basa Yunani inggih menika tembung *morphe* “wujud” saha *logos* “ngelmu”, satemah *morfologi* tegesipun ngelmu ingkang ngrembag babagan wujud (Ralibi lumantar Mulyana, 2005: 3). Dene miturut *istilah*, *morfologi* ngewrat pangertosan perangan ngelmu basa ingkang ngandharaken dhasaring wujud tembung (Nurhayati, 2001: 2).

Pamanggihing Nurhayati dipunjangkepi dening Yasin (1988: 20) ingkang ngandharaken bilih *morfologi* inggih menika ngelmu basa ingkang nyinau bab-bab ingkang wonten gegayutan kaliyan wujud utawi *struktur* tembung sarta pangaribawa ewah-ewahing wujud tembung dhateng jinis saha tegesing tembung.

Salajengipun Ramlan (1979: 2) ngandharaken bilih *morfologi* inggih menika perangan ngelmu basa ingkang ngandharaken utawi nyinau bab tetembungan sarta pangaribawa ewah-ewahing wujud tembung dhateng jinis saha tegesing tembung. Lajeng Verhaar (1988: 52) ngandharaken bilih *morfologi* ngewrat pangertosan ngelmu basa ingkang nyinau susunan perangan-perangan tembung kanthi *gramatikal*. Saged dipunmangertosi bilih *morfologi* menika

nyinau menapa *fungsinipun ewah-ewahan jalaran proses pandhapuking tembung inggih menika fungsi gramatik utawi fungsi semantik.*

Saking andharan saha pamanggihipun para ahli menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih *morfologi* inggih menika salah satunggaling perangan ngelmu basa ingkang ngrembag babagan pandhapuking tembung sarta pangaribawa ewah-ewahing wujud tembung dhateng jinis saha tegesipun tembung. Ewah-ewahing tembung ing *morfologi* betahaken pirantos kangge ngewahi wujud dasar supados ngasilaken wujud enggal ingkang ndhapuk tembung inggih menika kanthi *proses morfologi*.

2. Proses Morfologi

Tembung-tembung ing basa Jawi saged ewah wujudipun miturut panganggenipun. Ewah-ewahing wujud tembung ngewrat tigang bab ingkang kedah dipungatosaken, inggih menika (1) wujud *dasar* tembung ingkang dipunewahi, (2) cara padhapuking kangge ngewahi, saha (3) wujud enggal saking kasil ewah-ewahing tembung (Sudaryanto, 1991: 15). Wujud *dasar* tembung saged ewah sarta ngasilaken wujud enggal bilih wonten pirantos kangge ngewahi wujud menika. Pirantos kangge ngewahi wujud *dasar* tembung ing ngelmu *morfologi* dipunsebat *proses morfologi*.

Arifin saha Junaiyah (2009: 8-9) ngandharaken bilih *proses morfologi* inggih menika *proses* ingkang ngewahi *leksem* dados tembung. Kridalaksana (2008: 202) ngandharaken bilih *proses morfologi* inggih menika *proses* ingkang ngewahi *leksem* dados tembung. Ing *proses morfologi*, *leksem* menika minangka

input, dene tembung minangka *output*. Salajengipun, Ramlan (1979: 27) ngandharaken bilih *proses morfologi* inggih menika *proses* pandhapuking tembung saking *satuan* sanesipun ingkang kalebet lingganipun.

Salajengipun Samsuri (1978: 190) ngandharaken bilih *proses morfologi* inggih menika cara pandhapuking tembung kanthi ngraketaken *morfem* setunggal kaliyan *morfem* sanesipun. Pamanggihing Samsuri dipunjangkepi dening Yasin (1988: 48) ingkang ngandharaken bilih *proses morfologi* inggih menika cara pandhapuking tembung kanthi ngraketaken *morfem* setunggal kaliyan *morfem* sanesipun. *Morfem* menika wujud paling alit ing *morfologi* ingkang ngewrat teges.

Miturut *distribusinipun*, *morfem* saged dipunperang dados kalih inggih menika *morfem* mardika saha *morfem terikat*. Yasin (1988: 23-24) ngandharaken bilih *morfem* mardika inggih menika wujud *morfem* ingkang saged madeg piyambak tanpa betahaken wujud sanesipun kangge ngraketaken wujud ingkang sampun wonten. Dene *morfem terikat* inggih menika *morfem* ingkang boten saged madeg piyambak saha kedah dipunraketaken kaliyan *morfem* sanesipun.

Wonten ing *proses morfologi*, pandhapuking tembung wonten tigang cara inggih menika mawi wuwuhan, rangkep, saha camboran (Sudaryanto, 1991: 18). Saking pandhapuking tembung mawi wuwuhan, rangkep, saha camboran ngasilaken wujud tembung andhahan, tembung rangkep, saha tembung camboran ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Tembung Andhahan

Tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun amargi karaketan wuwuhan. Pandhapuking tembung lingga

dados tembung andhahan menika kanthi cara ngraketaken wuwuhan ing ngajeng, wingking, utawi ing madyaning tembung lingga. Sadaya wuwuhan menika kalebet wujud *morfem terikat*. Wuwuhan wonten sekawan wujudipun inggih menika ater-ater, seselan, panambang, saha wuwuhan sesarengan. Wuwuhan ingkang dipunpanggihaken ing basa Jawi menika saged dipuntingali ing *tabel* ngandhap menika.

Tabel 1. Wuwuhan Basa Jawi

Ater-ater	Seselan	Panambang	Wuwuhan sesarengan
N-	-in-	-i	ke-/en
dak-	-um-	-a	N-/i
tak-	-er-	-e	N-/ake
kok-	-el-	-en	N-/na
tok-		-an	paN-/an
di-		-na	paN-/e
ka-		-ana	pa-/an
ke-		-ane	pi-/an
a-		-ake	pra-/an
aN-			tak-/ane
paN-			tak-/e
ma-			tak-/i
mer-			tak-/na
sa-			tak-/ana
pa-			tak-/a
pi-			kok-/i
pra-			kok-/ake/-ke
tar-			kok-/a
kuma-			kok-/na
kami-			kok-/ana
kapi-			di-/i
			di-/ake
			kami-/en
			kami-/an
			sa-/e
			-in-/an

Saking *tabel* ing inggil menika dipunandharaken maneka warni jinising wuwuhan. Wonten ing basa Jawi wuwuhan dipunperang dados sekawan inggih

menika ater-ater, seselan, panambang, saha wuwuhan sesarengan. Ater-ater inggih menika wuwuhan ingkang karaketaken ing sangajenging tembung lingga. Ater-ater ing basa Jawi wonten maneka warni wujudipun antawisipun ater-ater anuswara/N {ng-, n-, m-, ny-}, a-, ka-, ke-, di-, kuma-, mi-, saha sanes-sanesipun. Salah satunggaling wujud ater-ater anuswara ingkang ndayani ngewahi tembung dados tembung kriya utawi tembung kahanan inggih menika ater-ater N {ng-, n-, m-, ny-}. Ater-ater anuswara/N bilih karaketan ing tembung lingga gadhah teges inggih menika nindakaken padamelan kados ingkang dipunsebataken ing lingganipun utawi saged gadhah teges ngandharaken kahanan satunggaling bab ing lingganipun.

Tuladhanipun ater-ater anuswara/N inggih menika {**m-**} ing tembung **mbanyu** ingkang asalipun saking tembung aran '**banyu**' lajeng karaketan ater-ater {**m-**} ewah dados tembung **mbanyu** ingkang kalebet tembung kahanan. Tembung kahanan **mbanyu** 'ngandharaken kahanan satunggaling bab ing lingganipun' kadhapuk saking tembung lingga **banyu** 'barang cuwer' karaketan ater-ater N{**m-**}.

Salajengipun wuwuhan wujud seselan inggih menika wuwuhan ingkang karaketan ing madyaning tembung. Seselan ing basa Jawi cacahipun wonten sekawan inggih menika -in-, -um-, -er-, saha -el-. Tuladhanipun seselan inggih menika {-**um-**} bilih karaketan kaliyan tembung lingga saged ndhapuk tembung dados tembung kriya utawi tembung kahanan. Seselan {-**um-**} ingkang ndhapuk tembung kahanan tuladhanipun ing tembung **gumedhe** 'ngandharaken kahanan

satunggaling bab ing lingganipun' ingkang kadhapuk saking tembung kahanan **gedhe** 'ageng' karaketan seselan {-um-}.

Panambang inggih menika wuwuhan ingkang karaketaken ing pungkasaning tembung utawi sawingkingipun tembung. Panyeratan panambang kedah sinambung rapet kaliyan tembung lingganipun. Panambang ing basa Jawi wonten maneka warni wujudipun. Salah satunggaling wujud panambang inggih menika panambang {-an} ingkang ndhapuk tembung dados tembung aran, tembung kriya, utawi tembung kahanan. Tuladhanipun nggih menika tembung kahanan **isinan** 'ngandharaken kahanan ing lingganipun' kadhapuk saking tembung **isin** 'lingsem' karaketan panambang {-an}.

Wuwuhan sesarengan inggih menika wuwuhan ingkang wujud ater-ater saha panambang karaketan kanthi sesarengan ing lingganipun. Salah satunggaling titikan tembung ingkang ngalami wuwuhan sesarengan inggih menika bilih salah satunggaling wuwuhan ingkang rumaket menika dipunpisahaken nyebabaken *struktur* saha teges tembung ingkang sampun kadhapuk risak. Tuladhanipun wuwuhan sesarengan inggih menika **ngenomi** ngandharaken kahanan ing lingganipun ingkang kadhapuk saking tembung kahanan **enom** 'enem' ingkang karaketan wuwuhan sesarengan {N-/i}.

2. Tembung Rangkep

Anggenipun ndhapuk tembung supados rangkep ing basa Jawi wonten *prosesipun*. *Proses* menika adatipun dipunsebat kanthi istilah *proses reduplikasi* tembung. Verhaar lumantar Nurhayati (2001: 38) ngandharaken bilih tembung

rangkep inggih menika *proses* pandhapuking tembung kanthi ngambali sedaya utawi saperangan saking lingganipun. Miturut Mulyana (2005: 18) tembung rangkep kaperang dados wolu inggih menika: 1) Dwilingga (DL), 2) Dwilingga Salin Swara (DLS), 3) Dwipurwa (DP), 4) Dwipurwa Salin Swara (DPS), 5) Dwiwasana (DW), 6) Trilingga (TL). Sarta katambahan dwilingga semu (DL Semu) ingkang ndhapuk tembung dados tembung rangkep. Jinising tembung rangkep menika kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Dwilingga (DL)

Dwilingga inggih menika tembung lingga ingkang dipunrangkep.

Dwilingga kadhapuk kanthi cara ngambali lingganipun kanthi wetah.

Tuladha: **ayu** ‘sae’ + DL → **ayu-ayu** ‘kathah-kathahipun sae’

omah ‘griya’ + DL → **omah-omah** ‘bebrayan’

b) Dwilingga Salin Swara (DLS)

Dwilingga salin swara inggih menika tembung lingga ingkang dipunambali lingganipun kanthi wetah ananging wonten ewah-ewahan *fonem* ing tembung kaping setunggal.

Tuladha: **lara** ‘sakit’ + DLS → **lora-lara** ‘wongsal-wangsul ngalami sakit ingkang boten ajeg’

туру ‘sare’ + DLS → **tura-turu** ‘wongsal-wangsul nindakaken pakaryan sare’

c) Dwipurwa (DP)

Dwipurwa inggih menika tembung ingkang dipundamel kanthi ngambali saperangan wanda kaping sepisan ing lingganipun.

Tuladha: **kejer** ‘nangis seru’ + DP → **kekejer** ‘nangis kanthi seru boten kendel-kendel’

sepuh ‘sepuh’ + DP → **sesepuh** ‘ingkang dipunsepuhaken’

d) Dwipurwa Salin Swara (DPS)

Dwipurwa salin swara inggih menika tembung ingkang dipundamel kanthi ngambali saperangan saking ngajenging lingganipun ananging wonten ewah-ewahan *fonem* ing wanda kaping setunggal.

Tuladha: **lara** ‘sakit’ + DPS → **lalara** → **lelara** ‘ingkang ndayani sakit’

tulung ‘bantu’ + DPS → **tutulung** → **tetulung** ‘maringi pambiyantu’

e) Dwiwasana (DW)

Dwiwasana inggih menika tembung ingkang ngrangkep wanda ing pungkasan lingganipun.

Tuladha: **cenges** ‘guyu mlengoh’ + DW → **cengesnges** → **cengenges** ‘sami ngguyu mlengoh’

f) Trilingga (TL)

Trilingga inggih menika wujud lingga ingkang cacahipun tiga.

Tuladha: **dag dig dug**

cas cis cus

g) Dwilingga Semu (DL Semu)

Dwilingga semu inggih menika dwilingga ingkang tembung lingganipun boten saged dipuntlusuri utawi dipuntetepaken, saumpami saged dipuntetepaken lingganipun samangke ngasilaken teges enggal ingkang beda sanget kaliyan tegesing tembung ingkang sampun kadhapak saderengipun. Dwilingga semu saged wujud tembung rangkep tanpa ngalami ewahing *fonem* utawi ngalami ewahing *fonem*. Kaandharaken kados ing ngandhap menika.

Tuladha: Dwilingga semu ingkang tanpa ngalami ewahing *fonem*.

ketir + DL Semu → **ketir-ketir** ‘raos kuwatir’.

Dwilingga semu ingkang ngalami ewahing *fonem*.

grusu + DL Semu → **grusa-grusu** ‘tumindak kanthi kemrungsung’.

3. Tembung Camboran

Tembung camboran ugi dipunsebat tembung *majemuk (kompositum)*.

Sasangka (2001: 95) ngandharaken bilih tembung camboran inggih menika tembung ingkang kadhapak saking kalih tembung utawi langkung ingkang dipungandheng dados satunggal lajeng tembung menika ngasilaken wujud saha

teges enggal. Teges enggal ingkang kadhapuk beda kaliyan tegesing tembung nalika taksih wujud tembung lingga.

Wedhawati (2006: 188) ngandharaken bilih tembung camboran adhedhasar unsur utawi wujud dhasar kaperang dados sekawan inggih menika lingga kaliyan lingga, lingga kaliyan *morfem pangkal*, *morfem pangkal* kaliyan lingga, saha lingga kaliyan *morfem unik*. Sekawan wujud tembung camboran menika kaandharaken wonten ngandhap menika.

- a. Tembung camboran lingga kaliyan lingga, tuladhanipun **pait** 'raos kados raosing bratawali' kaliyan **madu** 'toya saking tala tawon ingkang kraos manis' dados **pait madu** 'manis sanget'.
- b. Tembung camboran lingga kaliyan *morfem pangkal*, tuladhanipun **campur** 'carub dados satunggal' kaliyan **adhuk** 'ublek' dados **campur adhuk** 'boten karu-karuan'.
- c. Tembung camboran *morfem pangkal* kaliyan lingga, tuladhanipun **rebut** 'rebut' kaliyan **cukup** 'cekap' dados **rebut cukup** 'waton cekap'.
- d. Tembung camboran lingga kaliyan *morfem unik*, tuladhanipun **abang** 'abrit' kaliyan **mbranang** 'abrit sanget' dados **abang mbranang** 'abrit sanget'.

Adhedhasar pamanggih para ahli kasebat saged dipunpendhet dudutanipun bilih *proses morfologi* inggih menika *proses ewahing tembung* saking wujud lingganipun ingkang kadhapuk kanthi ngraketaken *morfem* setunggal kaliyan *morfem* sanesipun. Saking pandhapuking tembung mawi

wuwuhan, rangkep, utawi camboran ngasilaken wujud tembung andhahan mawi wuwuhan, wujud tembung rangkep, saha wujud tembung camboran.

B. Tembung

Satuan ingkang langkung alit ing *morfologi* inggih menika *morfem*, dene ingkang langkung ageng awujud tembung (Ramlan, 1979: 4). Dene miturut Verhaar (2001: 97) tembung inggih menika *satuan* utawi wujud mardika saking tuturan. Wujud mardika miturut *morfemis* inggih menika wujud ingkang saged madeg piyambak.

Pamanggihing Ramlan kaliyan Verhaar dipunjangkepi dening Putrayasa (2008: 44) ingkang ngandharaken bilih tembung inggih menika wujud mardika ingkang langkung alit ingkang gadhah *kesatuan fonologis* saha *kesatuan gramatis* ingkang ngewrat teges. *Satuan* mardika saha *satuan terikat* ingkang kadhapuk saking wujud *satuan tunggal* dipunsebat sami satunggal *morfem*. Tembung kadhapuk saking *morfem* mardika ingkang karaketan *morfem terikat* utawi namung wujud *morfem* mardika kemawon ingkang gadhah teges.

Adhedhasar saking pamanggihing para ahli ing nginggil menika saged dipunandharaken bilih tembung inggih menika *satuan* mardika ingkang langkung alit ingkang saged madeg piyambak kadadosan saking *morfem tunggal* menapa *gabungan morfem* saha ngewrat teges. Jinising tembung ing basa Jawi dipunperang dados 10 inggih menika tembung aran, tembung kriya, tembung katrangan, tembung kahanan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung panggandheng, tembung ancer-ancer, tembung panyilah, saha tembung panyeru

(Sasangka, 2001: 98). Saking maneka warni jinising tembung menika perkawising panaliten menika ngrembag babagan tembung kahanan mliginipun tembung kahanan *polimorfemis* wonten ing cerkak *Djaka Lodang edisi* taun 2015.

C. Tembung Kahanan

Adhedhasar panganggening jinising tembung ing basa Jawi, tembung kahanan gadhah paedah minangka *atribut* tembung aran. Wedhawati (2006: 179) ngandharaken bilih tembung kahanan inggih menika tembung ingkang gadhah paedah dados *modifikator* tembung aran. Pamanggihipun Wedhawati sami kaliyan andharanipun Poedjosoedarmo (1979: 103) ingkang ngandharaken bilih tembung kahanan inggih menika tembung ingkang dipunginakaken sesarengan kaliyan tembung aran kangge nerangaken utawi paring *modifikasi* wonten ing tembung aran menika.

Tembung kahanan ugi ngewrat pangretosan inggih menika tembung ingkang nerangaken tembung aran (Kridalaksana, 2008: 4). Salajengipun Sasangka (2001: 103-104) ngandharaken bilih tembung kahanan inggih menika tembung ingkang saged ngandharaken kahanan utawi watak satunggaling barang utawi bab. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

“Lastri tuku jambu kluthuk sing **gedhi-gedhi**.”

Tembung kahanan **gedhi-gedhi** ‘kathah-kathahipun ageng sanget’ asalipun saking tembung **gedhe** lajeng ngalami ewah-ewahing *fonem* [e] dados *fonem* [i]. Tembung kahanan **gedhi-gedhi** *modifiaktor* tembung aran jambu kluthuk ingkang ngandharaken ukuran *netral* dados ukuran ageng sanget.

Adhedhasar pamanggih para ahli menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih tembung kahanan inggih menika tembung ingkang dipunginakaken kangge nerangaken tembung aran. Tembung kahanan menika ugi ngandharaken sipating satunggaling barang utawi bab.

Tembung kahanan menika gadhah titikan *morfologis* saha *sintaksis*. Titikaning tembung kahanan bilih dipuntingali saking *morfologi* inggih menika saged dipunwuwuhi wuwuhan sesarengan {**ke-/-en**} ingkang nedahaken sipat langkung, tuladhanipun tembung **kegampangan**. Tembung **kegampangan** kadhapuk saking tembung asal **gampang** ‘gampil’ karaketan wuwuhan sesarengan {**ke-/-en**} dados tembung **kegampangan** ‘asipat gampil sanget’. Dene titikan *sintaksis* inggih menika saged dipunwuwuhi tembung **luwih, ora, rada, dhewe**, utawi **banget**. Tuladhanipun tembung **bagus** ‘sae pasuryanipun tumrap tiyang kakung’. Tembung **bagus** manawi dipunwuwuhi tembung **luwih, ora, rada, dhewe**, saha **banget** dados **luwih bagus, ora bagus, rada bagus, bagus dhewe**, saha **bagus banget**.

D. Tembung Kahanan *Polimorfemis*

Tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika tembung kahanan ingkang kadadosan saking kalih *morfem* utawi langkung (Wedhawati, 2006: 181). Tembung kahanan *polimorfemis* kadhadapuk saking *morfem* mardika kaliyan *morfem terikat*. Pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* kadadosan saking sekawan *proses morfemis* inggih menika (1) tembung kahanan mawi wuwuhan, (2) tembung kahanan rangkep, (3) tembung kahanan camboran, saha (4) tembung

kahanan *kombinasi* (Wedhawati, dkk. 2006: 185). Pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* kanthi *proses morfemis* kaandharaken wonten ngandhap menika.

1) Tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan

Tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan inggih menika tembung kahanan ingkang kadadosan kanthi ngraketaken *morfem* wuwuhan wonten ing lingganipun. Ewah-ewahing tembung kahanan mawi wuwuhan dipunsebat tembung kahanan andhahan. Wujud wuwuhan ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika ater-ater, seselan, panambang, saha wuwuhan sesarengan.

Tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan ater-ater inggih menika tembung kahanan ingkang kadadosan kanthi ngraketaken ater-ater ing ngajenging lingganipun. Wujud wuwuhan ingkang kalebet ater-ater ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika **N {ng-, n-, m-}, {mi-}, saha {kuma-}**. Tuladhanipun wuwuhan mawi ater-ater ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika **{ng-}** ing tembung **nglenga** gadhah teges ngandharaken kahanan satunggaling bab ing lingganipun.

Tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan seselan inggih menika tembung kahanan ingkang kadadosan kanthi ngraketaken *morfem* seselan ing madyaning lingga. Wujud wuwuhan seselan ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika **{-um-}**. Tuladhanipun seselan **{-um-}** wonten ing tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika tembung **sumanak** gadhah teges

ngandharaken satunggaling bab ing lingganipun kadhapuk saking tembung lingga **sanak** ‘sedherek’ karaketan kaliyan seselan {-**um**-}.

Salajengipun tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan panambang inggih menika tembung kahanan ingkang kadadosan kanthi ngraketaken panambang ing pungkasaning lingga. Wujud wuwuhan panambang ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika {-**an**-}. Tuladhanipun wuwuhan panambang ing tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika tembung **jelehan** gadhah teges ngandharaken kahanan satunggaling bab ing lingganipun kadhapuk saking tembung **jелеh** ‘bosen’ karaketan kaliyan {-**an**-}.

Tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan sesarengan inggih menika tembung kahanan ingkang kadadosan kanthi ngraketaken ater-ater saha panambang kanthi sesarengan ing lingganipun. Wujud wuwuhan sesarengan kangge ndapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika {**ke-/en**}, {**N-/i**}, {**ka-/an**}. Tuladhanipun wujud wuwuhan sesarengan inggih menika tembung **medoki** ‘tumindak kados tiyang estri’ kadhapuk saking tembung **wedok** ‘estri’ karaketan kaliyan {**N-/i**}.

Adhedhasar mapaning wuwuhan kangge ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis*, tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan saged dipunperang dados wolu wujud inggih menika (1) wujud **ke-/en**, (2) wujud **mi-**, (3) wujud **N-/i**, (4) wujud **-um-**, (5) wujud **N-**, (6) wujud **-an**, (7) wujud **kuma-**, saha (8) wujud **ka-/an** (Wedhawati, 2006: 186).

2) Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep inggih menika tembung kahanan ingkang kadhapuk saking kalih *morfem* utawi langkung kanthi ngambali sadaya utawi saperangan tembung asalipun. Adhedhasar cara anggenipun ngambali tembung asalipun, tembung kahanan *polimorfemis* rangkep saged dipunperang dados sekawan inggih menika dwilingga, dwilingga salin swara, dwilingga semu, saha dwipurwa ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika.

a) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Dwilingga

Tembung kahanan *polimorfemis* dwilingga inggih menika tembung kahanan ingkang kadhapuk saking kalih *morfem* utawi langkung kanthi ngambali tembung asalipun kanthi wetah. Tuladhanipun tembung kahanan *polimorfemis* dwilingga inggih menika tembung **cilik-cilik** ‘kathah-kathahipun alit’ kadhapuk saking (**cilik** ‘alit’ + DL) ingkang tembung asalipun dipunambali kanthi wetah.

b) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Dwilingga Salin Swara

Tembung kahanan *polimorfemis* dwilingga salin swara inggih menika tembung kahanan ingkang kadhapuk saking kalih *morfem* utawi langkung kanthi ngambali tembung asalipun kanthi wetah ananging wonten ewah-ewahan *fonem* ing salah satunggaling tembung asalipun. Tuladhanipun tembung kahanan *polimorfemis* dwilingga salin swara inggih menika **mumat-mumet** ‘wongsal-wangsul boten ajeg nglampahi kraos buyer paningalipun’ kadhapuk saking tembung **mumet** ‘kraos buyer paningalipun’ ingkang dipunambali kanthi ngewahi *fonem* ing tembung kapisan utawi dwilingga salin swara (DLS).

c) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Dwilingga Semu

Tembung kahanan *polimorfemis* dwilingga semu inggih menika tembung kahanan ingkang wujudipun tembung rangkep ananging *unsur-unsur*ipun boten gadhah teges manawi madeg piyambak. Tuladhanipun tembung **ketir-ketir** ‘raos kuwatir’ kadhapuk saking tembung **ketir** ingkang dipunambali kanthi wetah lingganipun lajeng nembe gadhah teges.

d) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Dwipurwa

Tembung kahanan *polimorfemis* dwipurwa inggih menika tembung kahanan ingkang kadhapuk saking kalih *morfem* utawi langkung kanthi ngambali saperangan saking ngajenging tembung asalipun. Tuladhanipun tembung kahanan *polimorfemis* dwipurwa inggih menika tembung **kekejer** ‘wonten ing kawontenan nangis seru boten meneng-meneg’ kadhapuk saking tembung **kejer** ‘nangis seru boten meneng-meneg’ ingkang dipunambali saperangan lingganipun ing wanda wiwitan (dwipurwa/DP).

3) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Camboran

Tembung kahanan *polimorfemis* camboran inggih menika tembung kahanan ingkang kadhapuk saking kalih *morfem* utawi langkung ingkang karaketan lajeng ngasilaken wujud saha teges enggal. Tuladhanipun tembung kahanan *polimorfemis* camboran inggih menika **bagas waras** ‘sehat banget’ kadhapuk saking tembung **bagas** ‘sehat’ kaliyan tembung **waras** ‘sehat’. Menawi boten dipundamel tembung kahanan *polimorfemis* camboran, tegesipun saking tembung **bagas waras** inggih menika ‘sehat-sehat’.

4) Tembung Kahanan *Polimorfemis Kombinasi*

Tembung kahanan *polimorfemis kombinasi* inggih menika tembung kahanan ingkang kadhapuk saking kalih *morfem* utawi langkung kanthi cara ngraketaken wuwuhan saha tembung rangkep satemah ngasilaken tembung kahanan *berafiks-berulang*. Tuladhanipun **kelara-lara** ‘wonten ing kawontenan ingkang gegayutan kaliyan sakit’ kadhapuk saking tembung **lara** ‘sakit’ karaketan ater-ater saha dwilingga (ke-/DL).

E. Jinising Tembung Kahanan *Polimorfemis*

Tembung kahanan *polimorfemis* menika gadhah jinising tembung kahanan ingkang dipunwujudaken adhedhasar tembung lingganipun. Miturut Wedhawati (2006: 205) jinising tembung kahanan kaperang dados gangsal inggih menika tembung kahanan wujud, tembung kahanan ukuran, tembung kahanan warni, tembung kahanan raos, saha tembung kahanan *mental* ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Tembung Kahanan Jinis Wujud

Tembung kahanan wujud inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken kahanan wujud satunggaling bab. Tuladhanipun tembung **mucuk eri** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang awujud lancip kados eri. Tembung **bunder-bunder** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang kathah-kathahipun wujud bunder.

2. Tembung Kahanan Jinis Ukuran

Tembung kahanan ukuran inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken ukuran samubarang perkawis. Tembung kahanan ukuran saged dipunperang malih dados mapinten-pinten *tipe bawahan* adhedhasar tembung-tembung ingkang nedahaken ukuran miturut ukuranipun. *Tipe bawahan* tembung kahanan ukuran saged dipunperang dados 12 *kategori* inggih menika (1) ukuran let, (2) ukuran panjang, (3) ukuran dhuwur, (4) ukuran wiyar, (5) ukuran *kedalaman*, (6) ukuran kandel, (7) ukuran isi, (8) ukuran *jumlah*, (9) ukuran wekdal, (10) ukuran bobot, (11) ukuran *besar*, saha (12) ukuran yuswa. Kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Tembung kahana ukuran let

Tembung kahanan ukuran let inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken let satunggaling bab. Tembung kahanan ukuran let saged kagambaraken kanthi tembung langkung celak, celak, tebih, saha tebih sanget. Tuladhanipun tembung **kadohan** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang letipun tebih sanget.

b) Tembung kahanan ukuran panjang

Tembung kahanan ukuran panjang inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken panjang satunggaling bab. Tuladhanipun tembung **kedawan** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran panjang sanget.

c) Tembung kahanan ukuran dhuwur

Tembung kahanan ukuran dhuwur inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken dhuwuripun satunggaling bab. Tuladhanipun tembung **kecendheken** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran cendhek sanget.

d) Tembung kahanan ukuran wiyar

Tembung kahanan ukuran wiyar inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken amba utawi ciutipun satunggaling bab. Tuladhanipun tembung **jembar-jembar** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran wiyar sanget.

e) Tembung kahanan ukuran *kedalaman*

Tembung kahanan ukuran *kedalaman* gadhah kalih tembung ingkang adatipun sampun umum dipunginakaken kangge nedahaken ukuran *kedalaman* inggih menika tembung jero saha cethek. Tuladhanipun tembung **kejeron** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran *kedalaman* ingkang jero sanget.

f) Tembung kahanan ukuran kandel

Tembung kahanan ukuran kandel gadhah kalih tembung ingkang adatipun sampun biasa dipunginakaken kangge nedahaken ukuran kandel inggih menika tembung kandel saha tipis. Tuladhanipun tembung **kekandelen** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran kandel sanget.

g) Tembung kahanan ukuran isi

Tembung kahanan ukuran isi inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken isinipun satunggaling bab mliginipun barang-barang cuwer. Tuladhanipun tembung **mbleber** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran isi kebak sanget ngantos sumebar wutah wonten pundi-pundi.

h) Tembung kahanan ukuran wilangan

Tembung kahanan ukuran wilangan inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken wilangan saking satunggaling bab. Tuladhanipun tembung **keakehen** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran wilangan ingkang kathah sanget.

i) Tembung kahanan ukuran wekdal

Tembung kahanan ukuran wekdal inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken ukuran wekdal wonten ing satunggaling bab. Tuladhanipun tembung **kesuwen** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran wekdal sampun dangu sanget.

j) Tembung kahanan ukuran bobot

Tembung kahanan ukuran bobot inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken bobotipun saking satunggalipun bab. Tuladhanipun tembung **kabotan** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran bobot ingkang awrat sanget.

k) Tembung kahanan ukuran *besar*

Tembung kahanan ukuran *besar* inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken agengipun satunggaling bab. Tuladhanipun tembung **gedhe-gedhe**

gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran ingkang kathah-kathahipun ageng.

l) Tembung kahanan ukuran yuswa

Tembung kahanan ukuran yuswa inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken ukuranipun yuswa tiyang utawi satunggaling bab. Tuladhanipun tembung **kenomen** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah ukuran yuswa ingkang enem sanget.

3. Tembung Kahanan Jinis Warni

Tembung kahanan warni inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken warninipun satunggaling bab. Tembung kahanan *kategori* warni gadhah *tipe bawahan* ingkang adaitipun dipunsebat warni dasar/baku/pokok inggih menika warni abrit, cemeng, pethak, biru, jene, saha ijem.

Tembung kahanan warni saged dipunpantha-pantha miturut *kadar kecerahan (intensitas)*. Miturut *kadar kecerahan*ipun warni saged dipunperang dados tiga inggih menika kirang, netral, saha langkung/sanget. Tuladhanipun tembung **menger-menger** ‘abrit sanget’. Tembung **menger-menger** kalebet *tipe bawahan* tembung warni saking warna dasar **abrit** ‘abrit’ ingkang ngalami ewahing tembung kangge ngandharaken salah satunggaling bab ingkang gadhah teges warni ingkang asipat langkung utawi sanget.

4. Tembung Kahanan Jinis Raos

Tembung kahanan raos inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken raos satunggaling bab. Tembung kahanan raos saged kaperang dados tiga inggih menika kahanan penggalih, manah, saha driya. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

a) Kahanan Penggalih

Tembung kahanan raos *suasana* penggalih inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken raos ing penggalih. Tuladhanipun tembung **kangelan** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ‘angel sanget’ ingkang dipunraosaken penggalih.

b) Kahanan Manah

Tembung kahanan raos *suasana* manah inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken raos ing manah. Tuladhanipun tembung **keweden** gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang ‘ajrih sanget’ ingkang dipunraosaken manah.

c) Kahanan Driya

Tembung kahanan raos driya inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken raos ing driya ing sadaya peranganing badan. Raos ingkang dipunalami driya saged kaperang dados enem inggih menika raos ing driya sadaya anggota badan, pangraos, *peraba*, *pembau*, pamireng, saha paningal.

1) Raos ing driya sadaya anggota badan, tuladhanipun **mungkug-mungkug**

‘kathah-kathahipun kraos mungkug-mungkug’ gadhah teges ngandharaken

salah satunggaling bab ingkang dipunalami padharanipun kraos boten sekeca kumudu mutah.

- 2) Raos ing driya pangraos, tuladhanipun tembung **asin njejet** ‘kraos asin sanget’ gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang dipunalami driya pangraos tumrap lidhah ingkang ngraosaken asin sanget.
- 3) Raos ing driya *peraba*, tuladhanipun tembung **kadhemen** ‘kraos asrep sanget’ gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang dipunalami driya *peraba* tumrap kulit ingkang ngraosaken hawa asrep sanget.
- 4) Raos ing driya *pembau*, tuladhanipun tembung **ngambar** ‘asipat ambet arum’ gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang dipunalami driya *pembau* tumrap grana ingkang ngambet arum.
- 5) Raos ing driya pamireng, tuladhanipun tembung **kelirihen** ‘lirih sanget’ gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang dipunalami driya pamireng tumrap talingan babagan swanten.
- 6) Raos ing driya paningal, tuladhanipun tembung **edi peni** ‘endah sanget’ gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang dipunalami driya paningal tumrap mripat ingkang ningali kahanan ingkang edi peni utawi endah sanget.

5. Tembung Kahanan Jinis *Mental*

Tembung kahanan *mental* inggih menika tembung kahanan ingkang ngandharaken kahanan *mental* satunggaling tiyang. Tembung kahanan *mental* saged kaperang dados kalih inggih menika penggalih saha manah. Tuladhanipun tembung kahanan *mental* ing penggalih inggih menika tembung **mbodhoni**

‘ndayani bodho’ gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab *mental* utawi sipat ing penggalih ingkang dipungadhahi satunggaling tiyang. Dene tembung kahanan *mental* ing manah inggih menika **loman** ‘remen maringi sanesipun’ gadhah teges ngandharaken salah satunggaling bab ingkang ngandharaken kahanan *mental* utawi sipat ing manah satunggaling tiyang.

F. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken inggih menika panaliten ingkang sampun dipuntindakaken dening Zamsi Indriarwati (2014) kanthi irah-irahan *Tembung Kahanan Polimorfemis wonten ing Novel Krikil-krikil Pasisir Anggitanipun Tamsir AS*. Panaliten menika nliti bab wujud, jinis, saha maknaipun tembung kahanan wonten ing Novel Krikil-krikil Pasisir Anggitanipun Tamsir AS. Panaliten ingkang sampun dipuntindakaken dening Zamsi Indriarwati jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken amargi sami-sami nliti bab tembung kahanan *polimorfemis*.

Bab ingkang mbedakaken panaliten ingkang sampun dipuntindakaken Zamsi Indriarwati kaliyan panaliten ingkang badhe dipuntindakaken inggih menika wonten ing *objek* panaliten saha asiling panaliten. *Objek* panaliten ingkang dipuntindakaken dening Zamsi Indriarwati menika *Novel Krikil-krikil Pasisir Anggitanipun Tamsir AS* dene panaliten ingkang dipuntliti menika *objek* panaliten inggih menika cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi taun 2015.

Panaliten ingkang kaping kalih ingkang jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken inggih menika panaliten ingkang sampun

dipuntindakaken dening Dwi Ratna Listyaningrum (2014) kanthi irah-irahan *Tembung Kahanan Andhahan ing Cariyos Rakyat Alaskato lan Jalukura Anggitanipun Al Aris Purnomo*. Panaliten menika nliti babagan wujud, jinis, saha pandhapuking tembung kahanan andhahan wonten ing *Cariyos Rakyat Alaskato lan Jalukura Anggitanipun Al Aris Purnomo*.

Panaliten ingkang dipuntindakaken dening Dwi Ratna Listyaningrum jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntliti amargi sami-sami nliti bab tembung kahanan kaliyan ngandharaken wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan. Bab ingkang mbedakaken panaliten ingkang sampun dipuntindakaken Dwi Ratna Listyaningrum kaliyan panaliten ingkang dipuntliti inggih menika wonten ing *objek* panaliten saha asiling panaliten.

Objek panaliten ingkang sampun dipuntindakaken dening Dwi Ratna Listyaningrum menika *Cariyos Rakyat Alaskato lan Jalukura Anggitanipun Al Aris Purnomo* dene *objek* panaliten ingkang dipuntindakaken inggih menika cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.

Panaliten ingkang sampun dipuntliti dening Dwi Ratna Listyaningrum kanthi irah-irahan *Tembung Kahanan Andhahan ing Cariyos Rakyat Alaskato lan Jalukura Anggitanipun Al Aris Purnomo* ngandharaken babagan wujud, jinis, saha pandhapuking tembung kahanan andhahan ing *Cariyos Rakyat Alaskato lan Jalukura Anggitanipun Al Aris Purnomo* dene ing panaliten ingkang dipuntindakaken ngandharaken wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.

G. Nalaring Pikir

Morfologi inggih menika salah satunggaling perangan ngelmu basa ingkang ngrembag babagan pandhapuking tembung sarta pangaribawa ewah-ewahing wujud tembung dhateng jinis saha tegesipun tembung. Wonten ing *morfologi* tembung minangka *satuan* ingkang ageng ingkang wujud *morfem*, dene wonten ing tata ukara tembung inggih menika *satuan* ingkang paling alit ingkang kadhapuk saking mapinten-pinten *morfem*. Wonten ing *proses morfologi* pandhapuking tembung kaperang dados tiga inggih menika mawi wuwuhan, rangkep, saha camboran. Saking pandhapuking tembung mawi wuwuhan, rangkep, saha camboran ngasilaken wujud tembung andhahan, tembung rangkep, saha tembung camboran.


Adhedhasar jinising tembung, tembung basa Jawi saged kaperang dados 10 inggih menika tembung aran, tembung kriya, tembung sipat, tembung katrangan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung panggandheng, tembung ancer-ancer, tembung panyilah, saha tembung panyeru (Sasangka, 2001: 98). Maneka warni jinising tembung kasebat dipunginakaken kangge rerangkaning pandhapuking ukara. Salah satunggaling jinis tembung ingkang ndhapuk ukara inggih menika tembung sipat. Tembung sipat ugi saged dipunsebat tembung kahanan (Sasangka, 2001: 103).

Tembung kahanan inggih menika tembung ingkang saged ngandharaken kahanan utawi watak satunggaling barang utawi bab. Tembung kahanan ugi gadhah titikanipun inggih menika titikan *morfologis* saha titikan *sintaksis*. Titikan *morfologis* tembung kahanan inggih menika tembung kahanan

saged karaketan wuwuhan sesarengan {ke-/-en}. Dene titikan *sintaksis* tembung kahanan inggih menika tembung kahanan saged dipunwuwuhi tembung **rada**, **luwih**, **ora**, **banget**, utawi **dhewe**.

Panaliten ingkang dipuntindakaken gadhah ancas ngandharaken tembung kahanan ingkang wujud *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015. Panaliten ingkang dipuntindakaken menika dipunsukani irah-irahan “Tembung Kahanan *Polimorfemis* ing Cerkak Kalawarti *Djaka Lodang Edisi* Taun 2015”. Panaliten ingkang dipuntindakaken kalebet panaliten *deskriptif*. Cara anggenipun ngempalaken *data* ing panaliten menika kanthi maos wongsal-wangsul cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 ngantos manggihaken *data* ingkang jumbuh kaliyan *teori* lajeng *data* ingkang dipunpanggihaken dipunserat wonten ing kertu *data*.

Sasampunipun menika tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kapanggihaken dipunpantha-pantha miturut *kategorinipun*. Sapisan *data* dipunpantha-pantha miturut wujuding tembung kahanan *polimorfemis*. Saking wujuding tembung kahanan *polimorfemis* lajeng dipunanalisis miturut pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis*. Salajengipun *data* dipunanalisis miturut jinising tembung kahanan *polimorfemis*. *Bagan* nalaring pikir tembung kahanan *polimorfemis* kaandharaken ing ngandhap menika.



Bagan 1. Urutan nalaring pikir tembung kahanan *polimorfemis*

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *deskriptif*. Miturut Sudaryanto (1988: 62) *metode deskriptif* inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken miturut kasunyatan ingkang dipunpanggihi ing sumber *data* ingkang dipuntliti. *Metode* panaliten menika katindakaken kanthi ngandharaken *data* ingkang awujud tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi taun 2015. Panaliten dipuntindakaken kangge ngandharaken wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi taun 2015.

B. Data saha Sumbering Data

Data wonten ing panaliten menika awujud tembung-tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi taun 2015. Kalawarti menika kasimpen wonten ing *UPT Perpustakaan Universitas Negeri Yogyakarta*. Kalawarti *Djaka Lodang* ngewrat maneka warni *artikel* ingkang salah satunggaling inggih menika cerkak (cerita cekak) minangka *objek* panaliten.

Cerkak menika awujud seratan *latin* ingkang dipunserat dening para panyerat *modern* ingkang ancasipun ngandharaken pamanggihipun. Panyerat anggenipun nyerat cerkak sampun ngginakaken tembung-tembung miturut *EYD/Ejaan yang disempurnakan*. Panganggening tembung-tembung miturut

EYD/Ejaan yang disempurnakan menika dipunkajengaken nggampilaken para pamaos anggenipun maos cerkak satemah dipunmangertosi maksudipun.

C. Caranipun Ngempalaken *Data*

Caranipun ngempalaken *data* panaliten menika kanthi maos saha nyerat. Panaliti maos kanthi permati cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015. Panaliti anggenipun maos kanthi wongsal-wangsul ngantos dipunpanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* ingkang jumbuh kaliyan titikan *sintaksis* inggih menika tembung-tembung menika saged dipunwuwuhi tembung rada, luwih, ora, dhewe, utawi banget. Anggenipun ngimpun *data* inggih menika kanthi nyerat satunggal ukara miturut *konteksipun* kanthi rapi saha runtut miturut *edisi* wedalipun cerkak ing kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.

Tembung kahanan *polimorfemis* ingkang sampun dipunpanggihaken lajeng dipunserat ngginakaken *teknik* nyerat. *Teknik* nyerat inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* ingkang dipunpanggihaken ing cerkak lajeng dipunserat wonten ing kertu *data*. Kertu *data* dipunginakaken kangge nyerat tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 ingkang dipunpanggihaken dening panaliti.

Sasampunipun dipunpanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 salajengipun dipunserat ing kertu *data* miturut katranganipun. *Data* ingkang dipunpanggihaken dipunpantha-pantha miturut katranganipun inggih menika irahan-irahan cerkak, nomer *data*, *edisi*/tanggal terbit cerkak kalawarti *Djaka Lodang*, *data*, wujud, pandhapuking,

saha jinis. Kertu *data* menika kaajab saged nggampilaken anggenipun *analisis data*. Wujuding kertu *data* kados ing ngandhap menika.

Tabel 2. *Format Kertu Data Tembung Kahanan Polimorfemis ing Cerkak Kalawarti Djaka Lodang Edisi Taun 2015*

Irah-irahan Cerkak	Cangkrang
No. Data	5
Edisi/Tanggal terbit KDL	01/6-6-2015
Data	“Alah..., lagi kelas papat wae kementhus. ”
Wujud	Andhahan mawi wuwuhan seselan {-um-}
Pandhapuking	kementhus/TKP ‘umuk, gumedhe, kumendel’ <pre> graph TD A[kementhus/TKP 'umuk, gumedhe, kumendel'] --> B[kenthus/TA 'kewan bangsa'] A --> C[kintel (kodhok)'] B --> D[kewan] B --> E[bangsa] F[-um-] </pre> kenthus/TA ‘kewan bangsa {-um-} kintel (kodhok)’
Jinis	Tembung kahanan <i>mental</i>

Katrangan:

No.	: Nomer <i>Data</i>
KDL	: Kalawarti <i>Djaka Lodang</i>
Edisi	: <i>Edisi</i> cerkak ingkang kaserat wonten ing <i>Djaka Lodang</i>
Data	: <i>Data</i> awujud ukara ingkang ngandharaken tembung kahanan <i>polimorfemis</i>
TKP	: Tembung Kahanan <i>Polimorfemis</i>
TA	: Tembung Aran
Wujud	: Wujud tembung kahanan <i>polimorfemis</i>
Pandhapuking	: Cara pandhapuking tembung kahanan <i>polimorfemis</i>
Jinis	: Jinising tembung kahanan <i>polimorfemis</i>

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten wonten ing panaliten inggih menika panaliti piyambak minangka *human intrumen*. Nazir (1988: 64) ngandharaken bilih *human instrumen* inggih menika panaliti nindakaken *pengujian hipotesis* adhedhasar *teori*, ngandharaken perkawis, ndamel *prediksi* sarta nemtokaken teges saha *implikasi* saking satunggaling perkawis ingkang dipuntindakaken ing panaliten.

Panaliti minangka *human instrumen* kedah ngandharaken perkawis kanthi nggayutaken *data* inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* kaliyan titikan *sintaksis* utawi *morfologis* lajeng nyukani gambaran saha andharan miturut pamanggih panaliti.

Panaliti minangka pirantining panaliten manggihaken tembung kahanan *polimorfemis* wonten ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 kanthi cara nemtokaken tembung ingkang ngandharaken tembung kahanan *polimorfemis*. Cerkak minangka *sumber data* dipunwaos wongsal-wangsul ngantos manggihaken tembung kahanan *polimorfemis* ingkang jumbuh kaliyan titikan *sintaksis* utawi titikan *morfologis*.

Sasampunipun manggihaken tembung kahanan *polimorfemis* lajeng *data* dipunpantha-pantha miturut wujuding tembung. Salajengipun panaliti nemtokaken wujud tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kalebet tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan, tembung kahanan *polimorfemis* rangkep, tembung kahanan *polimorfemis* camboran, utawi tembung kahanan *polimorfemis kombinasi*. Panaliti anggenipun nemtokaken tembung kahanan *polimorfemis* tansah nggayutaken *data* kaliyan titikan *sintaksis* utawi titikan *morfologis* para ahli ancasipun supados boten wonten *data* ingkang lepat sarta saged nggampilaken nalika *proses analisis data*.

Salajengipun tembung kahanan *polimorfemis* dipunanalisis miturut pandhapuking tembung inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan, tembung kahanan *polimorfemis* rangkep, tembung kahanan *polimorfemis* camboran, utawi tembung kahanan *polimorfemis kombinasi*.

Wuwuhan ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika N {ng-, n-, m-}, {kuma-}, {-um-}, {-an}, {N-/i}, saha {ka-/an}. Tembung rangkep ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika dwilingga (DL), dwipurwa (DP), dwilingga salin swara (DLS), saha dwilingga semu.

Tembung camboran ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika wujud tembung lingga ingkang karaketan kaliyan tembung lingga utawi *morfem unik* lajeng nuwuhaken teges enggal. Salajengipun nemtokaken tembung kahanan *polimorfemis kombinasi* bilih tembung menika kadhapuk saking tembung asal ingkang dipunrangkep lajeng karaketan wuwuhan.

Sasampunipun nemtokaken wujuding saha pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* lajeng panaliti nemtokaken jinising tembung kahanan *polimorfemis*. Miturut jinising tembung kahanan *polimorfemis* dipunperang dados gangsal inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* jinis wujud, jinis ukuran, jinis warni, jinis raos, saha tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental*. Adhedhasar menika pramila panaliti minangka pirantos panaliten ingkang utami kedah permati sarta tlaten nalika nindakaken *analisis data*.

E. Caranipun Nganalisis Data

Caranipun *nganalisis data* ngginakaken *analisis deskriptif* kanthi ngudhar wujuding tembung kahanan *polimorfemis*. Caranipun *nganalisis data* menika woten mapinten-pinten tataran. Tataran menika dipun*analisis* gayut kaliyan perkawis ingkang dipuntliti inggih menika wujud, pandhapuking, saha jinis

tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015. Cak-cakaning *analisis data* menika kaperang dados kalih inggih menika tataran wiwitan saha tataran candhakipun.

Tataran wiwitan anggenipun *nganalisis data* inggih menika ngempalaken *data* ingkang sampun dipunpanggihaken kanthi permati saha tliti. Netepaken tembung kahanan *polimorfemis* miturut titikan *sintaksis* utawi titikan *morfologis* ingkang ngandharaken wujuding tembung kahanan *polimorfemis* ingkang awujud tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan, tembung kahanan *polimorfemis* rangkep, tembung kahanan *polimorfemis* camboran, utawi tembung kahanan *polimorfemis kombinasi* ingkang dipunjumbuhaken kaliyan *konteksipun*. Salajengipun dipunandharaken adhedhasar wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis*. *Data* ingkang sampun dipunandharaken kala wau lajeng dipunserat ing kertu *data*.

Sasampunipun nindakaken tataran wiwitan panaliti lajeng nindakaken tataran candhakipun. Wonten ing tataran candhakipun tembung kahanan *polimorfemis* ingkang dipunpanggihaken dipunpantha-pantha miturut wujud, pandhapuking, saha jinis tembung. Salajengipun *data* dipunserat ing *tabel analisis data*. Anggenipun nyerat wonten *tabel analisis data* ugi dipunperang adhedhasar wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis*. *Data* dipunandharaken kanthi *deskriptif* miturut *kategorinipun*. Adhedhasar asiling panaliten menika kadamel dudutan ingkang gayut kaliyan perkawis ingkang dipuntliti.

F. Validitas saha Realibilitas

Caranipun ngesahaken *data* wonten ing panaliten ingkang dipuntliti kanthi *uji validitas*. *Uji validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *triangulasi teori*. *Triangulasi teori* dipuntindakaken kanthi jumbuhaken *data* kaliyan *teori*. Manawi *analisis data* ingkang dipuntliti jumbuh kaliyan *teori*, mila *data* kasebat dipunanggep sampun *valid*.

Tuladha *uji validitas* kanthi ngginakaken *triangulasi teori* saged dipuntingali ing ngandhap menika.

“Anton dadi kisinin, praupane katon **abang mbranang**.”

Tembung **abang mbranang** saged dipun*analisis* adhedhasar wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis* kanthi jumbuhaken kaliyan *teori* ingkang sampun wonten. Tembung **abang mbranang** menika kalebet tembung warni amargi ngandharaken sipating warni ingkang langkung ing tembung aran ingkang sampun dipunsebataken saderengipun inggih menika praupan. Tembung **abang mbranang** menika kalebet tembung camboran amargi kadhapuk saking tembung lingga **abang** “abrit” kaliyan *morfem unik mbranang* “abrit sanget”. Tembung **mbranang** kalebet *morfem unik* amargi tembung **mbranang** menika namung saged karaketaken kaliyan tembung **abang**.

Tembung **abang mbranang** gadhah teges “abrit sanget” ingkang ngandharaken warninipun praupanipun Anton ingkang lingsem. Adhedhasar tuladha menika dipuntingali bilih *data* **abang mbranang** sampun *valid* amargi sampun jumbuh kaliyan *teorinipun* Wedhawati (2001: 154) saha Arifin (1990: 18).

Sanesipun ngginakaken *validitas triangulasi teori*, wonten ing panaliten menika panaliti ugi nindakaken *validitas intrarater* saha *validitas interrater*. *Validitas intrarater* inggih menika panaliten menika dipuntindakaken kanthi dipunambal-ambali. Wonten ing cara menika, panaliti maos kanthi wongsal-wangsul cerkak Kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 satemah pikantuk *data* ingkang jumbuh. *Validitas interrater* inggih menika *validitas* ingkang dipuntindakaken kanthi *konsultasi* kaliyan para ahli. Panaliti nindakaken *konsultasi* kaliyan dosen pembimbing babagan perkawis-perkawis saking *data* ingkang sampun dipunpanggihaken dhateng panaliti mliginipun bab tembung kahanan *polimorfemis*.

Uji Reabilitas ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika *reabilitas stabilitas*. *Reabilitas stabilitas* inggih menika asiling pangukuran boten ewah nalika katindakaken ing wekdal ingkang beda-beda. Panaliti anggenipun pados *data* menika boten namung kaping satunggal ananging mawi mapinten-pinten wekdal, satemah *data* ingkang *reliabel* menika kedah ngandharaken asil ingkang sami nalika dipunpanggihi ing wekdal ingkang beda-beda.

BAB IV ASILING PANALITEN

A. Asiling Panaliten

Panaliten ingkang sampun dipuntindakaken saged dipunpendhet asilipun. Panaliten menika sampun kasil manggihaken tembung kahanan *polimorfemis* ing kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015. Tembung kahanan *polimorfemis* menika kaandharaken gayut tigang perkawis inggih menika wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis* ing kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.





Wujuding tembung kahanan *polimorfemis* kaperang dados sekawan inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* andhahan, tembung kahanan *polimorfemis* rangkep, tembung kahanan *polimorfemis* camboran, saha tembung kahanan *polimorfemis kombinasi*. Salajengipun adhedhasar pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* kaperang dados sekawan inggih menika kadhapuk kanthi andhahan mawi wuwuhan, rangkep, camboran, saha *kombinasi*.

Jinising tembung kahanan *polimorfemis* dipunperang dados gangsal inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* jinis wujud, jinis ukuran, jinis warni, jinis raos, saha tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental*. Asiling panaliten kaandharaken wonten ing *tabel* ngandhap menika.




Tabel 3. Wujud, Pandhapuking, saha Jinis Tembung Kahanan *Polimorfemis* ing Cerkak Kalawarti *Djaka Lodang* edisi taun 2015.

No.	Wujud	Jinis	Pandhapuking	Indikator
1	2	3	4	5
1.	Andhahan mawi Wuwuhan a. Ater-ater 1) Ater-ater Anuswara {N} a) {ng-}	Raos	nggregel ‘ing kawontenan ewah getering asta’ {N-} gregel ‘ewah getering asta’	Kringete Pras dleweran, tangane nggregel, omongane serak, merga rasa wedi ing atine, lan rasa mangu-mangu. (KDL: 14: 5/9/2015) - rada+nggregel → rada nggregel. - N{ng-}+ gregel → nggregel - Jinis: ngandharaken raos ingkang dipunalami badan mliginipun asta.
		Mental	ngresula ‘ing kawontenan sambat’ {N-} resula ‘sambat’	Dina-dina iki bojoku wus ora kakehan ngresula maneh. (KDL: 12: 22/8/2015) - rada+ngresula → rada ngresula. - N{ng-}+ resula → ngresula - jinis: ngandharaken sipat salah satunggaling tiyang.
	b) {n-}	Raos	ndluyup ‘ing kawontenan kraos ngantuk’ {N-} dluyup ‘kraos ngantuk’	Suwe-suwe mripate wus ora kuwat mung kari rong watt, ndluyup banget. (KDL: 03: 20/6/2015) - rada+ndluyup → rada ndluyup - N{n-}+dluyup → ndluyup - Jinis: ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat.
		Ukuran	ndhuwur ‘ing kawontenan inggil’ {N-} dhuwur ‘inggil’	Wong iku banjur munggah ing ndhuwur tritisane omahe Surtini. (KDL: 01: 6/6/2015) - rada+ndhuwur → rada ndhuwur - N{n-}+dhuwur → ndhuwur - Jinis: ngandharaken ukuran dhuwur saking tritisane griya.





Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
	c) {m-}	<i>Mental</i>	meneng ‘ing kawontenan kendel’ 	Dina-dina iki bojoku wus ora kakehen ngresula maneh akeh anggane meneng lan nyambut gawe. (KDL: 11: 15/8/2015) - rada+meneng → rada meneng - N{m-}+ eneng → meneng - Jinis: ngandharaken sipat satunggaling tiyang.
		Raos	mbledhos ‘ing kawontenan jeblug’ 	Iku panggah ora owah, ora gigrig najan gunung kelud mbledhos . (KDL: 02: 13/6/2015) - rada+mbledhos → rada mbledhos - N{m-}+ bledhos → mbledhos - Jinis: ngandharaken raos ing driya pamireng bab swanten.
	2) Ater-ater {kuma-}	<i>Mental</i>	kumawani ‘asipat kendel’ 	Bojone Surtini wis kumawani ngadol lemah waris. (KDL: 01: 6/6/2015) - rada+kumawani → rada kumawani - {kuma-}+wani → kumawani - Jinis: ngandharaken sipat saking garwanipun Surtini.
		<i>Mental</i>	kementhus ‘asipat umuk, gumedhe’ 	“Alah...., lagi kelas papat wae kementhus. ” (KDL: 01: 6/6/2015) - rada+kementhus → rada kementhus - kenthus+{-um-} → kementhus - Jinis: ngandharaken sipat satunggaling tiyang.
	b. Seselan {-um-}	<i>Mental</i>		

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		Raos	gumlegur 'ing kawontenan nyuwanten mak glegur'  glegur {-um-} 'nyuwanten mak glegur'	Dumadakan ana swara gumlegur bantere kaya bledheg mangsa rendheng. (KDL: 01: 6/6/2015) - rada+gumlegur → rada gumlegur - glegur+{-um-} → gumlegur - Jinis: ngandharaken raos ing driya pamireng.
	c. Panambang {-an}	Mental	aleman 'asipat remen dipunalem'  alem {-an} 'alem'	Wangsulane Ninda kanthi suwarane kang aleman . (KDL: 06: 11/7/2015) - rada+aleman → rada aleman - alem+{-an} → aleman - Jinis: ngandharaken sipat saking Ninda.
		Raos	krenggosan 'ing kawontenan ambekanipun menggeh-menggeh'  krenggos {-an} 'ambekanipun menggeh-menggeh'	Bareng wis cedhak Doni ngomong kanthi krenggosan supaya dipasangake keris. (KDL: 03: 20/6/2015) - rada+krenggosan → rada krenggosan - krenggos +{-an} → krenggosan - Jinis: ngandharaken raos ingkang dipunalami paru-paru mliginipun ambekan.
	d. Wuwuhan Sesarengan 1) Wuwuhan sesarengan {ka-/-an}	Ukuran	kadohan 'asipat tebih sanget'  adoh {ka-/-an} 'tebih'	Saka kadohan Anton sing lagi nggarap tugas kelompokan ing sekolahan nggatekake. (KDL: 04: 27/6/2015) - rada+kadohan → rada kadohan - {ka-/-an}+adoh → kadohan - Jinis: ngandharaken ukuran let paningaling Anton.
		Raos	kelingan 'asipat langkung enget'  eling {ka-/-an} 'enget'	Kelingan lelakon sing dialami patang taun kepungkur. (KDL: 14: 5/9/2015) - rada+kelingan → rada kelingan - {ka-/-an}+eling → kelingan - Jinis: ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
	2) Wuwuhan sesarengan {N-/i}	Ukuran	ngaboti ‘ing kawontenan sengaja awrat’ 	Aku lan sliramu kepeksa kapisah jalaran padha-padha ngaboti pilihane dhewe. (KDL: 14: 5/9/2015) - rada + ngaboti → rada ngaboti - {N-/i} + abot → ngaboti - Jinis: ngandharaken ukuran bobot kekajenganipun satunggaling tiyang.
2.	Rangkep a. Dwilingga	Wujud	ayu-ayu ‘kathah-kathahipun sae praupanipun tumrap tiyang estri’ 	“Sinomane ayu-ayu” kandhane Doni. (KDL: 03: 20/6/2015) - rada + ayu-ayu → rada ayu-ayu - ayu + DL → ayu-ayu - Jinis: ngandharaken wujud saking pasuryaning tiyang estri.
		Warni	abang-abang ‘kathah-kathahipun warni abrit’ 	Ananging bagean dhadha lan gegere Joko uga pating plenthing abang-abang. (KDL: 01: 6/6/2015) - rada + abang-abang → rada abang-abang - abang + DL → abang-abang - Jinis: ngandharaken warni saking saperangan badanipun Joko.
		raos	muntup-muntup ‘ing kawontenan jedhul’ 	Ngampet nesu sing wis muntup-muntup ana ubun-ubun. (KDL: 23: 31/12/2015) - rada + muntup-muntup → rada muntup-muntup - muntup + DL → muntup-muntup - jinis: ngandharaken raos ingkang dipunalami manah.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
	b. Dwilingga Semu	Raos	kaca-kaca 'ing kawontenan luh ngembeng ing mripat' kaca 'pangilon' DL semu	Mripate ireng kuwi kaca-kaca kaya isih ora percaya marang apa sing dumadi wengi kuwi. (KDL: 11: 15/8/2015) - rada+kaca-kaca → rada kaca-kaca - kaca + DL Semu → kaca-kaca - Jinis: ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat.
	c. Dwilingga Salin Swara	Raos	slentap-slentup 'wongsal-wangsul nyerot umbel' sentlup 'nyerot umbel' DLS	Awake ndrodhok lan irunge pijer slentap-slentup. (KDL: 01: 6/6/2015) - rada+slentap-slentup → rada slentap-slentup - slentup + DLS → slentap-slentup - Jinis: ngandharaken raos ingkang dipunalami grana.
	d. Dwipurwa	Raos	kekejer 'ing kawontenan seru boten meneng-meneng' kejer 'seru boten meneng-meneng' DP	Putrane loro sing mbarep lagi klas loro SD lan adhine isih TK pijer nangis kekejer. (KDL: 13: 29/8/2015) - rada+kekejer → rada kekejer - kejer + DP → kekejer - Jinis: ngandharaken raos ingkang dipunalami manah.
3.	Camboran a. L + L	Raos	pait madu 'asipat manis sanget' pait 'raos kados raosing bratawali' madu 'toya saking tala tawon ingkang kraos manis'	Elena pancen ayu lan eseme pait madu. (KDL: 05: 4/7/2015) - rada+pait madu → rada pait madu - pait+madu → pait madu - Jinis: ngandharaken raos ingkang dipunalami pasuryan.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
	b. L + Unik	Warni	abang mbranang ‘asipat abrit sanget’ abang mbranang ‘abrit’ (Unik) ‘abrit sanget’	Anton dadi kisinin praupane katon abang mbranang. (KDL: 04: 27/6/2015) - rada+abang mbranang → rada abang mbranang - abang+mbranang → abang mbranang - Jinis: ngandharaken warni praupanipun Anton.
		Ukuran	gedhe magrong- magrong ‘asipat ageng sanget’ gedhe magrong- ‘ageng’ magrong (Unik) ‘ageng sanget’	Omah kuna gedhe magrong-magrong. (KDL: 06: 11/7/2015) - rada+gedhe magrong-magrong → rada gedhe magrong-magrong - gedhe+magrong-magrong → gedhe magrong-magrong - Jinis: ngandharaken ukuraning griya.
4.	<i>Kombinasi</i> {DL-/-an}	Ukuran	uyeg-uyegan ‘asipat jejel uyel-uyelan’ uyeg {DL-/-an} ‘kepyek rame tiyang guneman’	Mula bareng lulus jadvale saya uyeg-uyegan. (KDL: 03: 13/6/2015) - rada+uyeg-uyegan → rada uyeg-uyegan - uyeg+{DL+/-an} → uyeg-uyegan - Jinis: ngandharaken ukuran let satunggaling bab.

Katrangan:

DL : Dwilingga

KDL : Kalawarti Djaka Lodang

DLS : Dwilingga salin swara

L : Lingga

DL Semu : Dwilingga semu

N : Nasal

DP : Dwipurwa

Saking *tabel* ing nginggil saged dipunandharaken bilih wujud tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kapanggihaken wonten sekawan inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* andhahan, tembung kahanan *polimorfemis*

rangkep, tembung kahanan *polimorfemis* camboran, saha tembung kahanan *polimorfemis kombinasi*. Saking wujuding tembung kahanan *polimorfemis* menika lajeng kaandharaken pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* miturut cara pandhapuking tembung inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan, tembung kahanan *polimorfemis* rangkep, tembung kahanan *polimorfemis* camboran, saha tembung kahanan *polimorfemis kombinasi*.

Wujud tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan kaperang dados sekawan inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater, tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan seselan, tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan panambang, saha tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan sesarengan.

Wuwuhan ater-ater ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika anuswara/N {ng-, n-, m-} saha {kuma-}. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {ng-} kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos saha jinis *mental*. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {n-} kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos saha jinis ukuran. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {m-} kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental* saha jinis raos. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater {kuma-} kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental*.

Wuwuhan seselan ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika {-um-}. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi seselan {-um-} kapanggihaken tembung kahanan jinis *mental* saha jinis raos. Lajeng wuwuhan panambang ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika {-an}. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi panambang {-an} kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental* saha jinis raos.

Salajengipun tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan sesarengan ingkang kapanggihaken inggih menika {ka/-an} saha {N/-i}. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan sesarengan {ka/-an} kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis ukuran. Lajeng tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan sesarengan {N/-i} kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis ukuran.

Wujud tembung kahanan *polimorfemis* rangkep ingkang kapanggihaken inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga, tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga semu, tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga salin swara, saha tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwipurwa. Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis wujud, jinis warni, saha jinis raos. Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga semu kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos.

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga salin swara kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos. Tembung kahanan

polimorfemis rangkep dwipurwa kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos.

Wujud tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kapanggihaken kadhapuk saking tembung asal kaliyan tembung asal (L+L) saha tembung asal kaliyan tembung *unik* (L+*Unik*). Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kadhapuk saking tembung asal kaliyan tembung asal (L+L) kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos. Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kadhapuk saking tembung asal kaliyan tembung *unik* (L+*Unik*) kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* jinis warni saha jinis ukuran.

Salajengipun wujud tembung kahanan *polimorfemis kombinasi* ingkang kapanggihaken inggih menika kadhapuk saking tembung asal karaketan kaliyan tembung rangkep dwilingga saha panambang {DL+-an}. Tembung kahanan *polimorfemis kombinasi* ingkang kapanggihaken inggih menika jinis ukuran. Parimbagipun tembung kahanan *polimorfemis* menika ngandharaken pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* adhedhasar tembung lingga ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.

B. Pirembagan

Ing pirembagan menika, panaliti ngandharaken babagan wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015. Anggenipun ngandharaken pirembagan ing panaliten menika kawiwitan saking bab wujuding tembung kahanan *polimorfemis*

ingkang dipunlajengaken kaliyan pandhapuking saha jinis tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015.

Wujud tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kapanggihaken inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* andhahan, tembung kahanan *polimorfemis* rangkep, tembung kahanan *polimorfemis* camboran, saha tembung kahanan *polimorfemis kombinasi*. Pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kapanggihaken inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan, tembung kahanan *polimorfemis* rangkep, tembung kahanan *polimorfemis* camboran, saha tembung kahanan *polimorfemis kombinasi*.

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ingkang kapanggihaken kaperang dados sekawan inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan ater-ater N {ng-, n-, m-} saha {kuma-}, tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan seselan {-um-}, tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan panambang {-an}, saha tembung kahanan mawi wuwuhan sesarengan {ka-/an} saha {N-/i}.

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep ingkang kapanggihaken kaperang dados sekawan inggih menika wujud dwilingga, wujud dwilingga semu, wujud dwilingga salin swara, saha wujud dwipurwa. Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kapanggihaken kaperang dados kalih inggih menika tembung kahanan ingkang kadhapuk saking tembung lingga kaliyan tembung lingga {L+L} saha tembung lingga kaliyan tembung *unik* {L+Unik}. Lajeng tembung kahanan *polimorfemis kombinasi* ingkang kapanggihaken inggih

menika kadhapuk saking tembung lingga ingkang dipunrangkep saha karaketan panambang {DL-/an}.

Salajengipun jinising tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kapanggihaken inggih menika tembung kahanan *polimorfemis* jinis wujud, jinis ukuran, jinis warni, jinis raos, saha tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental*. Lajeng pirembagan wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 dipunrembag ing ngandhap menika.

1. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan inggih menika tembung kahanan ingkang karaketan *morfem* wuwuhan ing lingganipun. Wujud wuwuhan ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika ater-ater, seselan, panambang, saha wuwuhan sesarengan. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ingkang kapanggihaken kaandharaken ing ngandhap menika.

a. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Ater-Ater

Tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan ater-ater inggih menika tembung kahanan ingkang kadadosan kanthi ngraketaken ater-ater ing ngajenging lingganipun. Wujud wuwuhan ingkang kalebet ater-ater ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika **N** {**ng-**, **n-**, **m-**} saha {**kuma-**} kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {**ng-**}

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {**ng-**} ingkang kapanggihaken jinis raos saha jinis *mental* saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.


a) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {**ng-**}

Jinis Raos

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {**ng-**} ingkang kapanggihaken jinis raos kaandharaken ing ngandhap menika.

“Kringete Pras dleweran, tangane **nggregel**, omongane serak, merga rasa wedi ing atine, lan rasa mangu-mangu.”
(KDL: 14: 5/9/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **nggregel** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **nggregel** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada nggregel** saha tembung **banget** dados **nggregel banget**. Tembung **nggregel** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **gregel** ‘ewah getering asta’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater N {**ng-**}. Wuwuhan ater-ater N {**ng-**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking wuwuhan ater-ater menika tembung **nggregel** gadhah teges ‘ing kawontenan ewah getering asta’. Pandhapuking tembung **nggregel** saged kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **nggregel** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami badan mliginipun asta. Tembung **nggregel** wonten ing *konteks* menika nedahaken kawontenan astanipun Pras ingkang ewah saha geter.

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {ng-} jinis raos ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Sadalan-dalan Pras **nglamun**.”
(KDL: 14: 5/9/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **nglamun** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **nglamun** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada nglamun**. Tembung **nglamun** kadhapak saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **lamun** ‘domblong’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater N {ng-}. Wuwuhan ater-ater N {ng-} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking wuwuhan ater-ater menika tembung **nglamun** gadhah teges ‘ing kawontenan domblong’. Pandhapuking tembung **nglamun** saged kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **nglamun** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih ing kawontenan domblong menggalih satunggaling bab.


b) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {**ng-**}

Jinis Mental

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {**ng-**} ingkang kapanggihaken jinis *mental* kaandharaken ing ngandhap menika.

“Dina-dina iki bojoku wus ora kakehan **ngresula** maneh.”
(KDL: 12: 22/8/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **ngresula** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **ngresula** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada ngresula**. Tembung **ngresula** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **resula** ‘sambat’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater N {**ng-**}. Wuwuhan ater-ater N {**ng-**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking wuwuhan ater-ater menika tembung **ngresula** gadhah teges ‘ing kawontenan sambat’. Pandhapuking tembung **ngresula** saged kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **ngresula** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental* amargi ngandharaken sipat satunggaling tiyang ingkang kawontenan sambat.

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {ng-} jinis *mental* ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Bocah kok **ngeyel**! Mengko yen nulari kancane piye, Jal?”.
(KDL: 01: 6/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **ngeyel** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **ngeyel** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada ngeyel** saha temung **banget** dados **ngeyel banget**. Tembung **ngeyel** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **eyel** ‘nggugu kajengipun piyambak’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater N {ng-}. Wuwuhan ater-ater N {ng-} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking wuwuhan ater-ater menika tembung **ngeyel** gadhah teges ‘ing kawontenan nggugu kajengipun piyambak’. Pandhapuking tembung **ngeyel** saged kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **ngeyel** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental* amargi ngandharaken sipat satunggaling tiyang ingkang kawontenan nggugu kajengipun piyambak.

2) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Ater-ater N {**n-**}

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {**n-**} ingkang kapanggihaken jinis raos saha jinis ukuran ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Ater-ater N {**n-**}


Jinis Raos

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {**n-**} jinis raos ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Suwe-suwe mripate wus ora kuwat mung kari rong watt, **ndluyup** banget.”
(KDL: 03: 20/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **ndluyup** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **ndluyup** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada ndluyup** saha tembung **banget** dados **ndluyup banget**. Tembung **ndluyup** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **dluyup** ‘kraos ngantuk’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater N {**n-**}. Wuwuhan ater-ater N {**n-**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking wuwuhan ater-ater menika

tembung **ndluyup** gadhah teges ‘ing kawontenan kraos ngantuk’. Pandhapuking tembung **ndluyup** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **ndluyup** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat ing kawontenan kraos ngantuk.

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {n-} jinis raos ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Awake **ndrodhok** lan irunge pijer slentap-slentup.”
(KDL: 01: 6/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **ndrodhok** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **ndrodhok** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada ndrodhok** saha tembung **banget** dados **ndrodhok banget**. Tembung **ndrodhok** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **drodhok** ‘getering badan’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater N {n-}. Wuwuhan ater-ater N {n-} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking wuwuhan ater-ater menika tembung **ndrodhok** gadhah teges ‘ing kawontenan getering badan’. Pandhapuking tembung **ndrodhok** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **ndrodhok** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami badan ing kawontenan geter.


b) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Ater-ater N {**n-**}
Jinis Ukuran

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N{**n-**} jinis ukuran ingkang kapanggihaken tembung **ndhuwur** saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Wong iku banjur munggah ing **ndhuwur** tritisane omahe Surtini.”
(KDL: 01: 6/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **ndhuwur** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **ndhuwur** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada ndhuwur** saha tembung **banget** dados **ndhuwur banget**. Tembung **ndhuwur** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **dhuwur** ‘inggil’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater N {**n-**}. Wuwuhan ater-ater N {**n-**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing linggani pun’. Adhedhasar saking wuwuhan ater-ater menika tembung

ndhuwur gadhah teges ‘ing kawontenan inggil’. Pandhapuking tembung **ndhuwur** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **ndhuwur** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis ukuran amargi ngandharaken ukuran dhuwur saking tritisan griya.

3) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Ater-ater N{**m-**}

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N{**m-**} ingkang kapanggihaken jinis *mental* saha jinis raos ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Ater-ater N {**m-**}


Jinis *Mental*

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N{**m-**} jinis *mental* ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Dina-dina iki bojoku wus ora kakehen ngresula maneh akeh anggone **meneng** lan nyambut gawe.”
(KDL: 11: 15/8/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **meneng** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung

meneng saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada meneng** saha tembung **banget** dados **meneng banget**. Tembung **meneng** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **eneng** ‘kendel’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater N {**m-**}. Wuwuhan ater-ater N {**m-**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking wuwuhan menika tembung **meneng** gadhah teges ‘ing kawontenan kendel’. Pandhapuking tembung **meneng** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **meneng** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental* amargi ngandharaken sipating satunggaling tiyang ing kawontenan kendel.

b) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Ater-ater N {**m-**}


Jinis Raos

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {**m-**} jinis raos ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Iku panggah ora owah, ora gigrig najan gunung kelud **mbledhos**.”
(KDL: 02: 13/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **mbledhos** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*,

tembung **mbledhos** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada mbledhos**. Tembung **mbledhos** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **bledhos** ‘jeblug’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater N {**m-**}. Wuwuhan ater-ater {**m-**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking wuwuhan ater-ater menika tembung **mledhos** gadhah teges ‘ing kawontenan jeblug’. Pandhapuking tembung **mledhos** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **mbledhos** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ing driya pamireng ingkang dipunalami talingan bab swanten kados Gunung Kelud ing kawontenan nyuwanten jeblug.

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater N {**m-**} jinis raos ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Ujare Ela sinambi **mbrebes** luhe nelesi pipine kang alus.”
(KDL: 11: 15/8/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **mbrebes** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **mbrebes** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada mbrebes**. Tembung **mbrebes** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **brebes** ‘ili’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater N {**m-**}. Wuwuhan ater-ater

N {**m-**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges 'wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun'. Adhedhasar saking wuwuhan menika tembung **mbrebes** gadhah teges 'ing kawontenan ili'. Pandhapuking tembung **mbrebes** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **mbrebes** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat ing kawontenan medalaken luh.


4) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Ater-Ater {**kuma-**}

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater {**kuma-**} jinis *mental* ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Bojone Surtini wis **kumawani** ngadol lemah waris.”
(KDL: 01: 6/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **kumawani** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **kumawani** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada kumawani** saha tembung **banget** dados **kumawani banget**. Tembung **kumawani**

kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika saking tembung lingga **wani** ‘kendel’ ingkang karaketan wuwuhan ater-ater {**kuma-**}. Wuwuhan ater-ater {**kuma-**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘asipat ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking wuwuhan menika tembung **kumawani** gadhah teges ‘asipat kendel’. Pandhapuking tembung **kumawani** saged kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **kumawani** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental* amargi ngandharaken sipat kendel ingkang dipungadhahi dening garwanipun Surtini.

b. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Seselan

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan seselan {-**um-**} ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang* inggih menika jinis *mental* saha jinis raos ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Seselan {-**um-**}


Jinis Mental

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan seselan {-**um-**} jinis *mental* ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Alah...., lagi kelas papat wae **kementhus**.”

(KDL: 01: 6/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **kementhus** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **kementhus** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada kementhus** saha tembung **banget** dados **kementhus banget**. Tembung **kementhus** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **kenthus** 'kewan bangsa/kintel (kodhok)' ingkang karaketan seselan {-um-}. Seselan {-um-} wonten ing *konteks* menika gadhah teges 'asipat ingkang dipunsebataken ing lingganipun'. Adhedhasar saking seselan menika tembung **kementhus** gadhah teges 'asipat umuk/gumedhe'. Pandhapuking tembung **kementhus** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **kementhus** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental* amargi ngandharaken sipat umuk/gumedhe ingkang dipungadhahi salah satunggaling tiyang.

2) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Seselan {-um-}


Jinis Raos

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan seselan {-um-} jinis raos ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Dumadakan ana swara **gumlegur** bantere kaya bledheg mangsa rendheng. “

(KDL: 01: 6/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **gumlegur** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **gumlegur** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada gumlegur** saha tembung **banget** dados **gumlegur banget**. Tembung **gumlegur** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **glegur** ‘nyuwanten mak glegur’ ingkang karaketan seselan {-um-}. Seselan {-um-} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking seselan menika tembung **gumlegur** gadhah teges ‘ing kawontenan nyuwanten mak glegur’. Pandhapuking tembung **gumlegur** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **gumlegur** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ing driya pamireng ingkang dipunalami talingan bab swanten kados bledhek ing kawontenan nyuwanten mak glegur.

c. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Panambang {-an}


Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan panambang {-an} ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang* inggih menika jinis *mental* saha jinis raos ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Panambang {-an} Jinis *Mental*

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan panambang {-an} jinis *mental* ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Wangsulane Ninda kanthi suwarane kang **aleman**.”
(KDL: 06: 11/7/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **aleman** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **aleman** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada aleman** saha tembung **banget** dados **aleman banget**. Tembung **aleman** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **alem** ‘alem’ ingkang karaketan panambang {-an}. Panambang {-an} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘asipat ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking panambang menika tembung **aleman** gadhah teges ‘asipat remen dipunalem’. Pandhapuking tembung **aleman** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **aleman** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental* amargi ngandharaken sipat remen dipunaleman ingkang dipungadhahi Ninda.

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan panambang {-an} jinis *mental* ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Dheweke ya **apikan** marang sliramu.”
(KDL: 05: 4/7/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **apikan** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **apikan** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada apikan** saha tembung **banget** dados **apikan banget**. Tembung **apikan** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **apik** ‘sae’ ingkang karaketan panambang {-an}. Panambang {-an} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘asipat ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking panambang menika tembung **apikan** gadhah teges ‘asipat sae’. Pandhapuking tembung **apikan** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **apikan** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis *mental* amargi ngandharaken sipat satunggaling tiyang ingkang asipat sae.

2) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Panambang {-an} Jinis Raos

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan panambang {-an} jinis raos ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Bareng wis cedhak Doni ngomong kanthi **krenggosan** supaya dipasangake keris.”
(KDL: 03: 20/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **krenggosan** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **krenggosan** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada krenggosan** saha tembung **banget** dados **krenggosan banget**. Tembung **krenggosan** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **krenggos** ‘ambeganipun menggeh-mengeh’ ingkang karaketan panambang {-an}. Panambang {-an} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking panambang menika tembung **krenggosan** gadhah teges ‘ing kawontenan ambekanipun menggeh-mengeh’. Pandhapuking tembung **krenggosan** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **krenggosan** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami paru-paru mliginipun ambekan ing kawontenan menggeh-mengeh.

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan panambang {-an} jinis raos ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Eluhe **dleweran** ing pipine.”
(KDL: 14: 5/9/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **dleweran** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **dleweran** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada dleweran** saha tembung **banget** dados **dleweran banget**. Tembung **dleweran** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **dlewer** ‘mili mandhap’ ingkang karaketan panambang {-an}. Panambang {-an} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking panambang menika tembung **dleweran** gadhah teges ‘ing kawontenan mili mandhap’. Pandhapuking tembung **dleweran** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **dleweran** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat ingkang medalaken luh ing kawontenan mili mandhap.

d. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Sesarengan

Tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan sesarengan inggih menika tembung kahanan ingkang kadadosan kanthi ngraketaken ater-ater saha panambang kanthi sesarengan ing lingganipun. Wuwuhan sesarengan ingkang kapanggihaken ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika wuwuhan sesarengan {**ka-/-an**} ingkang kapanggihaken jinis ukuran saha jinis raos. Dene wuwuhan sesarengan {**N-/-i**} ingkang kapanggihaken jinis raos. Tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan sesarengan {**ka-/-an**} saha {**N-/-i**} kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Sesarengan {**ka-/-an**}

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan sesarengan {**ka-/-an**} kapanggihaken jinis ukuran saha jinis raos saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.


a) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Sesarengan {**ka-/-an**} Jinis Ukuran

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan sesarengan {**ka-/-an**} kapanggihaken jinis ukuran kaandharaken ing ngandhap menika.

“Saka **kadohan** Anton sing lagi nggarap tugas kelompokan ing sekolahan nggatekake.”

(KDL: 04: 27/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **kadohan** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **kadohan** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada kadohan** saha tembung **banget** dados **kadohan banget**. Tembung **kadohan** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **adoh** ‘tebih’ ingkang karaketan wuwuhan sesarengan {**ka/-an**}. Wuwuhan sesarengan {**ka/-an**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking wuwuhan sesarengan menika tembung **kadohan** gadhah teges ‘asipat tebih sanget’. Pandhapuking tembung **kadohan** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **kadohan** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis ukuran amargi ngandharaken ukuran let paningalipun Anton ingkang tebih sanget saking *objek* paningal.

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan sesarengan {**ka/-an**} jinis ukuran ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Tugase pancen akeh mula kudu dicicil amrih ora **kabotan**. “

(KDL: 04: 27/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **kabotan** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **kabotan** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada kabotan** saha tembung **banget** dados **kabotan banget**. Tembung **kabotan** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **abot** 'awrat' ingkang karaketan wuwuhan sesarengan {**ka/-an**}. Wuwuhan sesarengan {**ka/-an**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges 'asipat sanget ing lingganipun'. Adhedhasar saking wuwuhan sesarengan menika tembung **kabotan** gadhah teges 'asipat awrat sanget'. Pandhapuking tembung **kabotan** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **kabotan** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis ukuran amargi ngandharaken ukuran bobot inggih menika tugas ingkang dipuntindakaken dening satunggaling tiyang ingkang asipat awrat sanget.

b) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Sesarengan {**ka/-an**} Jinis Raos

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan sesarengan {**ka/-an**} kapanggihaken jinis raos kaandharaken ing ngandhap menika.

“**Kelingan** lelakon sing dialami patang taun kepungkur.”
(KDL: 14: 5/9/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **kelingan** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **kelingan** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada kelingan** saha tembung **banget** dados **kelingan banget**. Tembung **kelingan** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **eling** 'enget' ingkang karaketan wuwuhan sesarengan {**ka/-an**}. Wuwuhan sesarengan {**ka/-an**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges 'asipat sanget utawi langkung ing lingganipun'. Adhedhasar saking wuwuhan sesarengan menika tembung **kelingan** gadhah teges 'asipat langkung enget'. Pandhapuking tembung **kelingan** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **kelingan** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih ing kawontenan langkung enget satunggaling bab.

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan sesarengan {**ka/-an**} jinis raos ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Anton dadi **kisinin** praupane katon abang mbranang.
(KDL: 04: 27/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **kisinin** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **kisinin** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada kisinin** saha tembung **banget** dados **kisinin banget**. Tembung **kisinin** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **isin** 'lingsem' ingkang karaketan wuwuhan sesarengan {**ka/-an**}. Wuwuhan sesarengan {**ka/-an**} wonten ing *konteks* menika gadhah teges 'asipat sanget utawi langkung ing lingganipun'. Adhedhasar saking wuwuhan sesarengan menika tembung **kisinin** gadhah teges 'asipat langkung enget'. Pandhapuking tembung **kisinin** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **kisinin** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami manahipun Anton ing kawontenan lingsem sanget.


2) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Andhahan mawi Wuwuhan Sesarengan {**N/-i**} Jinis Ukuran

Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan sesarengan {**N/-i**} jinis ukuran ingkang kapanggihaken inggih menika tembung **ngaboti** saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Aku lan sliramu kepeksa kapisah jalaran padha-padha **ngaboti** pilihane dhewe.”

(KDL: 14: 5/9/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **ngaboti** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **ngaboti** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada ngaboti** saha tembung **banget** dados **ngaboti banget**. Tembung **ngaboti** kadhapuk saking kalih *morfem* inggih menika tembung lingga **abot** 'awrat' ingkang karaketan wuwuhan sesarengan {N-/i}. Wuwuhan sesarengan {N-/i} wonten ing *konteks* menika gadhah teges 'wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun'. Adhedhasar saking wuwuhan sesarengan menika tembung **ngaboti** gadhah teges 'ing kawontenan sengaja awrat'. Pandhapuking tembung **ngaboti** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **ngaboti** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis ukuran amargi ngandharaken ukuran bobot kekajenganipun satunggaling tiyang.

2. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Rangkep

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep inggih menika tembung kahanan ingkang kadhapuk saking kalih *morfem* utawi langkung kanthi ngambali tembung asalipun kanthi wetah. Tembung rangkep ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* inggih menika dwilingga, dwilingga semu, dwilingga salin swara, saha dwipurwa. Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep ingkang kapanggihaken kaandharaken ing ngandhap menika.

a. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Rangkep Dwilingga (DL)


Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 inggih menika jinis wujud saha jinis warni ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Rangkep Dwilingga (DL) Jinis Wujud

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga jinis wujud ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Sinomane **ayu-ayu**” kandhane Doni.
(KDL: 03: 20/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **ayu-ayu** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **ayu-ayu** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada ayu-ayu** saha tembung **banget** dados **ayu-ayu banget**. Tembung **ayu-ayu** kadhapuk saking tembung lingga **ayu** ‘sae praupanipun tumrap tiyang estri’ ingkang dipunrangkep kanthi wetah lingganipun kanthi dwilingga {DL}. Dwilingga {DL} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘kathah-kathahipun ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking dwilingga menika tembung **ayu-ayu** gadhah teges ‘kathah-kathahipun sae praupanipun tumrap tiyang estri’. Pandhapuking tembung **ayu-ayu** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **ayu-ayu** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis wujud amargi ngandharaken wujud pasuryaning tiyang estri ingkang kathah-kathahipun sae boten wonten cacadipun.


2) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Rangkep Dwilingga (DL) Jinis Warni

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga jinis warni ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Ananging bagean dhadha lan gegere Joko uga pating plenthing **abang-abang**.”

(KDL: 01: 6/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **abang-abang** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **abang-abang** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada abang-abang** saha tembung **banget** dados **abang-abang banget**. Tembung **abang-abang** kadhapuk saking tembung lingga **abang** ‘abrit’ ingkang dipunrangkep kanthi wetah lingganipun kanthi cara dwilingga {DL}. Dwilingga {DL} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘kathah-kathahipun ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking dwilingga menika tembung **abang-abang** gadhah teges ‘kathah-kathahipun warni abrit’. Pandhapuking tembung **abang-abang** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **abang-abang** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis warni amargi ngandharaken warni kulit jaja saha gejeripun Joko ingkang kathah-kathahipun warni abrit pating plenthing.

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga jinis warni ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Nyawang **ijo-ijo** ngene iku marai ngilangake stresku.”
(KDL: 05: 4/7/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **ijo-ijo** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **ijo-ijo** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada ijo-ijo** saha tembung **banget** dados **ijo-ijo banget**. Tembung **ijo-ijo** kadhapuk saking tembung lingga **ijo** ‘ijem’ ingkang dipunrangkep kanthi wetah lingganipun kanthi cara dwilingga {DL}. Dwilingga {DL} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘kathah-kathahipun ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking dwilingga menika tembung **ijo-ijo** gadhah teges ‘kathah-kathahipun warni ijem’. Pandhapuking tembung **ijo-ijo** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **ijo-ijo** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis warni amargi ngandharaken warni satunggaling bab ingkang kathah-kathahipun warni ijem.

3) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Rangkep Dwilingga (DL) Jinis Raos

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga jinis raos ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Ngampet nesu sing wis **muntup-muntup** ana ubun-ubun.”
(KDL: 23: 31/12/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **muntup-muntup** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **muntup-muntup** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada muntup-muntup** saha tembung **banget** dados **muntup-muntup banget**. Tembung **muntup-muntup** kadhapuk saking tembung lingga **muntup** ‘jedhul’ ingkang dipunrangkep kanthi wetah lingganipun kanthi dwilingga {DL}. Dwilingga {DL} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking dwilingga menika tembung **muntup-muntup** gadhah teges ‘ing kawontenan jedhul’. Pandhapuking tembung **muntup-muntup** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **muntup-muntup** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami manah ing kawontenan jedhul raos duka.

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga jinis raos ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Mripate isih **kriyip-kriyip** nyawang tamune.”
(KDL: 03: 20/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **kriyip-kriyip** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **kriyip-kriyip** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada kriyip-kriyip** saha tembung **banget** dados **kriyip-kriyip banget**. Tembung **kriyip-kriyip** kadhapuk saking tembung lingga **kriyip** ‘kedhep’ ingkang dipunrangkep kanthi wetah lingganipun kanthi dwilingga {DL}. Dwilingga {DL} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking dwilingga menika tembung **kriyip-kriyip** gadhah teges ‘ing kawontenan kedhep’. Pandhapuking tembung **kriyip-kriyip** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **kriyip-kriyip** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat ing kawontenan wongsal-wangsul kedhep.

b. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Rangkep Dwilingga Semu (DL Semu)

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga semu ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 inggih menika jinis raos ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Mripate ireng kuwi **kaca-kaca** kaya isih ora percaya marang apa sing dumadi wengi kuwi.”
(KDL: 11: 15/8/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **kaca-kaca** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **kaca-kaca** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada kaca-kaca**. Tembung **kaca-kaca** kadhapuk saking tembung lingga **kaca** ‘pangilon’ ingkang dipunrangkep kanthi wetah lingganipun kanthi dwilingga semu {DL Semu}. Dwilingga semu {DL Semu} wonten ing *konteks* menika ngasilaken teges enggal ingkang beda sanget kaliyan tegesing lingga ingkang sampun kadhapuk saderengipun. Adhedhasar saking dwilingga semu menika tembung **kaca-kaca** gadhah teges ‘ing kawontenan luh ngembeng ing mripat’. Pandhapuking tembung **kaca-kaca** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **kaca-kaca** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat ing kawontenan luh ingkang ngembeng.

c. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Rangkep Dwilingga Salin Swara (DLS)

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga salin swara ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 inggih menika jinis raos saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Awake ndrodhok lan irunge pijer **slentap-slentup**.”
(KDL: 01: 6/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **slentap-slentup** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **slentap-slentup** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada slentap-slentup**. Tembung **slentap-slentup** kadhapuk saking tembung lingga **slentup** ‘nyerot umbel’ ingkang dipunrangkep kanthi wetah lingganipun kanthi dwilingga salin swara {DLS}. Dwilingga salin swara {DLS} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wongsal-wangsul boten ajeg wonten ing kawontenan lingganipun’. Adhedhasar saking dwilingga salin swara menika tembung **slentap-slentup** gadhah teges ‘wongsal-wangsul nyerot umbel’. Pandhapuking tembung **slentap-slentup** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **slentap-slentup** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami grana ing kawontenan wongsal-wangsul nyerot umbel.

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga salin swara jinis raos ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Sanalika sing lanang malih dadi **plongah-plongoh.**”
(KDL: 10: 8/8/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **plongah-plongoh** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **plongah-plongoh** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada plongah-plongoh**. Tembung **plongah-plongoh** kadhapuk saking tembung lingga **plongoh** ‘ngemataken kanthi tutuk menga wiyar’ ingkang dipunrangkep kanthi wetah lingganipun kanthi dwilingga salin swara {DLS}. Dwilingga salin swara {DLS} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘ing kawontenan ingkang dipunsebataken lingganipun’. Adhedhasar saking dwilingga salin swara menika tembung **plongah-plongoh** gadhah teges ‘ing kawontenan ngemataken kanthi tutuk menga wiyar’. Pandhapuking tembung **plongah-plongoh** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **plongah-plongoh** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami tutuk ing kawontenan menga wiyar.

d. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Rangkep Wujud Dwipurwa (DP)

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep wujud dwipurwa ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 inggih menika jinis raos ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Putrane loro sing mbarep lagi klas loro SD lan adhine isih TK pijer nangis **kekejer**.”
(KDL: 13: 29/8/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **kekejer** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **kekejer** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada kekejer**. Tembung **kekejer** kadhapuk saking tembung lingga **kejer** ‘seru boten meneng-meneng’ ingkang dipunrangkep saperangan lingganipun kanthi cara dwipurwa {DP}. Dwipurwa{DP} wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘wonten ing kawontenan ingkang dipunsebataken ing lingganipun’. Adhedhasar saking dwipurwa menika tembung **kekejer** gadhah teges ‘wonten ing kawontenan seru boten meneng-meneng’. Pandhapuking tembung **kekejer** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **kekejer** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami manah ing kawontenan seru boten meneng-meneng nalika nangis.

Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwipurwa jinis raos ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

3. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Camboran

Tembung kahanan *polimorfemis* camboran inggih menika tembung kahanan ingkang kadhapuk saking kalih tembung utawi langkung ingkang karaketan lajeng ngasilaken wujud saha teges enggal. Wujud camboran ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* kaperang dados kalih inggih menika tembung lingga kaliyan tembung lingga {L+L} saha tembung lingga kaliyan tembung *unik* {L+Unik}. Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kapanggihaken kaandharaken ing ngandhap menika.


a. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Camboran Lingga kaliyan Lingga

Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kadhapuk saking tembung lingga kaliyan tembung lingga ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 inggih menika jinis raos ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Elena pancen ayu lan eseme **pait madu**.”

(KDL: 05: 4/7/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **pait madu** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **pait madu** saged karaketan kaliyan tembung **rada dados rada pait madu**. Tembung **pait madu** kadhapuk saking tembung lingga **pait** ‘raos kados raosing bratawali’ ingkang karaketan kaliyan tembung lingga **madu** ‘toya saking tala tawon ingkang kraos manis’. Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kadhapuk saking lingga kaliyan lingga wonten ing *konteks* menika ngasilaken wujud saha teges enggal. Adhedhasar saking camboran wujud lingga karaketan lingga menika tembung **pait madu** gadhah teges ‘asipat manis sanget’. Pandhapuking tembung **pait madu** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **pait madu** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos ingkang dipunalami pasuryan mliginipun esem ing lathinipun Elena ingkang asipat manis sanget.

Tembung kahanan *polimorfemis* camboran wujud tembung lingga karaketan tembung lingga jinis raos ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Atine wis **golong giling**.”

(KDL: 07&08: 18&25/7/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **golong giling** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **golong giling** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada golong giling**. Tembung **golong giling** kadhapuk saking tembung lingga **golong** 'glundhungan ageng' ingkang karaketan kaliyan tembung lingga **giling** 'wewangunan bunder'. Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kadhapuk saking lingga kaliyan lingga wonten ing *konteks* menika ngasilaken wujud saha teges enggal. Adhedhasar saking camboran wujud lingga karaketan lingga menika tembung **golong giling** gadhah teges 'ing kawontenan raos mantep'. Pandhapuking tembung **golong giling** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **golong giling** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis raos amargi ngandharaken raos mantep ingkang dipunalami manah.

b. Tembung Kahanan *Polimorfemis* Camboran Lingga kaliyan *Morfem Unik*

Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kadhapuk saking tembung lingga kaliyan tembung *unik* jinis warni saha jinis ukuran ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.


1) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Camboran Lingga kaliyan *Morfem Unik*

Jinis Warni

Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kadhapuk saking tembung lingga kaliyan tembung *unik* jinis warni ingkang kapanggihaken saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Anton dadi kisinin praupane katon **abang mbranang**.”
(KDL: 04: 27/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **abang mbranang** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **abang mbranang** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada abang mbranang** saha tembung **banget** dados **abang mbranang banget**. Tembung **abang mbranang** kadhapuk saking tembung lingga **abang** ‘abrit’ ingkang karaketan kaliyan tembung *unik* **mbranang** ‘abrit sanget’. Camboran wujud lingga karaketan tembung *unik* wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘mbangetaken warni ing lingganipun. Adhedhasar saking camboran wujud lingga karaketan tembung *unik* menika tembung **abang mbranang** gadhah teges ‘asipat abrit sanget’. Pandhapuking tembung **abang mbranang** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **abang mbranang** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis warni amargi ngandharaken warni satunggaling bab ingkang asipat abrit sanget.

Tembung kahanan *polimorfemis* camboran wujud tembung lingga karaketan tembung *unik* jinis raos ugi kapanggihaken ing pethikan ngandhap menika.

“Pit dionthel ngliwati dalan sing iring kiwa lan tengene gumelar sawah kang **ijo royo-royo**.”
(KDL: 04: 27/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **ijo royo-royo** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **ijo royo-royo** saged karaketan kaliyan tembung **rada dados rada ijo royo-royo** saha tembung **banget dados ijo royo-royo banget**. Tembung **ijo royo-royo** kadhapuk saking tembung lingga ijo ‘ijem’ ingkang karaketan kaliyan tembung *unik* **royo-royo** ‘ijem sanget’. Camboran wujud tembung lingga karaketan tembung *unik* wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘mbangetaken warni ing lingganipun. Adhedhasar saking camboran wujud lingga karaketan tembung *unik* menika tembung **ijo royo-royo** gadhah teges ‘asipat ijem sanget’. Pandhapuking tembung **ijo royo-royo** kaandharaken ing ngandhap menika.




Tembung **ijo royo-royo** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis warni amargi ngandharaken warni saking sabin ingkang warnanipun ijem sanget.

2) Tembung Kahanan *Polimorfemis* Camboran Lingga kaliyan *Morfem Unik* Jinis Ukuran

Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kadhapuk saking wujud lingga kaliyan tembung *unik* jinis ukuran ingkang kapanggihaken inggih menika tembung **gedhe magrong-magrong** saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Omah kuna **gedhe magrong-magrong**.”
(KDL: 06: 11/7/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **gedhe magrong-magrong** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **gedhe magrong-magrong** saged karaketan kaliyan tembung **rada dados rada gedhe magrong-magrong** saha tembung **banget dados gedhe magrong-magrong banget**. Tembung **gedhe magrong-magrong** kadhapuk saking tembung lingga **gedhe** ‘ageng’ ingkang karaketan kaliyan tembung *unik* **magrong-magrong** ‘ageng sanget’. Camboran wujud lingga karaketan tembung *unik* wonten ing *konteks* menika gadhah teges ‘mbangetaken ukuran ing lingganipun’. Adhedhasar saking camboran wujud lingga karaketan tembung *unik* menika tembung **gedhe magrong-magrong** gadhah teges ‘asipat ageng sanget’. Pandhapuking tembung **gedhe magrong-magrong** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **gedhe magrong-magrong** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis ukuran amargi ngandharaken ukuraning griya ingkang asipat ageng sanget.


4. Tembung Kahanan *Polimorfemis Kombinasi*

Tembung kahanan *polimorfemis kombinasi* inggih menika tembung kahanan ingkang kadhapuk saking kalih *morfem* utawi langkung kanthi cara ngraketaken wuwuhan saha tembung rangkep satemah ngasilaken tembung kahanan *berafiks-berulang*. Wujud *kombinasi* ingkang ndhapuk tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 inggih menika jinis ukuran saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

“Mula bareng lulus jadwale saya **uyeg-uyegan**.”
(KDL: 03: 13/6/2015)

Saking pethikan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung **uyeg-uyegan** kalebet tembung kahanan *polimorfemis*. Adhedhasar titikan *sintaksis*, tembung **uyeg-uyegan** saged karaketan kaliyan tembung **rada** dados **rada uyeg-uyegan** saha tembung **banget** dados **uyeg-uyegan banget**. Tembung **uyeg-uyegan** kadhapuk saking tembung tembung **uyeg** ‘kepyek rame tiyang guneman’

lajeng karaketan wuwuhan saha tembung rangkep {DL-/an}. Wujud *kombinasi* wonten ing *konteks* menika ngasilaken wujud saha teges enggal. Adhedhasar saking wujud *kombinasi* menika tembung **uyeg-uyegan** gadhah teges ‘asipat jejel uyel-uyelan’. Pandhapuking tembung **uyeg-uyegan** kaandharaken ing ngandhap menika.



Tembung **uyeg-uyegan** menika kalebet tembung kahanan *polimorfemis* jinis ukuran amargi ngandharaken ukuran let satunggaling bab ingkang asipat jejel uyel-uyelan.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan babagan tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 saged dipunpendhet dudutan ing ngandhap menika.

1. Wujuding tembung kahanan *polimorfemis* ingkang kapanggihaken ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 inggih menika:
 - a. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan ater-ater ingkang kapanggihaken N {ng-, n-, m-} saha {kuma-}. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan seselan ingkang kapanggihaken {-um-}. Tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan panambang ingkang kapanggihaken {-an}. Tembung kahanan *polimorfemis* mawi wuwuhan sesarengan ingkang kapanggihaken wuwuhan sesarengan {ka-/an} saha {N-/i}.
 - b. Tembung kahanan *polimorfemis* rangkep ingkang kapanggihaken tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwilingga, rangkep dwilingga semu, rangkep dwilingga salin swara, saha tembung kahanan *polimorfemis* rangkep dwipurwa.
 - c. Tembung kahanan *polimorfemis* camboran ingkang kapanggihaken wujud camboran ingkang kadhapuk saking tembung lingga kaliyan tembung lingga {L+L} saha ingkang kadhapuk saking tembung lingga kaliyan *morfem unik* {L+Unik}.

- d. Tembung kahanan *polimorfemis kombinasi* ingkang kapanggihaken kadhapuk saking tembung lingga ingkang dipunrangkep mawi wuwuhan.
2. Pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 ngandharaken pandhapuking tembung kahanan *polimorfemis* ingkang awujud tembung kahanan *polimorfemis* andhahan mawi wuwuhan, tembung rangkep, tembung camboran, saha tembung kahanan *polimorfemis kombinasi*.
3. Jinising tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 wonten gangsal inggih menika tembung kahanan jinis wujud, jinis ukuran, jinis warni, jinis raos, saha tembung kahanan *polimorfemis jinis mental*.

B. Implikasi

Asiling panaliten ingkang ngrembag tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2015 menika dipunkajengaken saged nambah seserepan saha dados rujukan ing pamulangan dhateng guru, pamaos, utawi sutrisna basa Jawi bab ngelmu basa mliginipun *morfologi* babagan wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan *polimorfemis*.

Kangge mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta, asiling panaliten menika saged dipundadosaken ngelmu ing bab *morfologi* mliginipun babagan wujud, pandhapuking, saha jinis tembung kahanan.

C. Pamrayogi

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunandharaken, panaliti saged paring pamrayogi kados ing ngandhap menika.

1. Amargi winatesing perkawis ingkang dipuntliti wonten ing panaliten menika, satemah kawontenan perkawis sanesipun ingkang saged dipunkaji taksih werni-werni. Perkawis menika kadosta tegesing saha *produktifitas* tembung kahanan *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang*.
2. Panaliten menika dipunkajengaken saged dipunrembakaken dening panaliti sanes amargi taksih wonten bab sanes ingkang saged dipuntliti inggih menika tembung kriya *polimorfemis* ingkang dipuntandhingaken kaliyan *cerkak edisi* taun sanesipun, tuladhanipun tembung kriya *polimorfemis* ing cerkak kalawarti *Djaka Lodang edisi* taun 2014 dumugi 2018.




KAPUSTAKAN

- Arifin, Syamsul dkk. 1990. *Tipe-Tipe Semantik Adjektiva dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Arifin, Zaenal dan Junaiyah. 2009. *Morfologi: Bentuk, Makna, dan Fungsi*. Jakarta: PT. Gramedia Widiasarana Indonesia.
- Indriarwati, Zamsi. 2014. "Tembung Kahanan *Polimorfemis* wonten ing Novel Krikil-krikil Pasisir Anggitanipun Tamsir AS". Skripsi. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa. Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Yogyakarta.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik Edisi Keempat*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Listyaningrum, Dwi Ratna. 2015. "Cariyos Rakyat Alaskato lan Jalukura Anggitanipun Al Aris Purnomo". Skripsi. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa. Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Yogyakarta.
- Mulyana. 2005. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Nazir, Mohammad. 1988. *Metode Penelitian*. Jakarta: Ghalia Indonesia.
- Nurhayati, Endang. 2001. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1979. *Morfologi Basa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Poerwadarmenta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B Wolters Uitgevers Maatschappij, N.V. Groningen.
- Poerwadarmenta, W. J. S. 1939. *www. Baoesastra Djawa online*. Batavia: Groningen.
- Putrayasa, Ida Bagus. 2008. *Kajian Morfologis Bentuk Derivasional dan Infleksional*. Bandung: PT. Refika Aditama.
- Ramlan. M. 1979. *Morfologi Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: C.V. Karyono

- Samsuri. 1978. *Analisis Bahasa: Memahami Bahasa Secara Ilmiah*. Jakarta: Erlangga.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paralingua.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik: Bagian Pertama ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana.
- Verhaar, J. W. M. 1988. *Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 2001. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir Edisi Revisi*. Yogyakarta: Kanisius.
- Yasin, Sulchan. 1988. *Tinjauan Deskriptif Seputar Morfologi*. Surabaya: Usana Offset Printing.

LAMPIRAN



**Tabel Asiling saha Analisis Wujud, Pandhapuking, saha Jinis Tembung Kahanan Polimorfemis ing Cerkak Kalawarti
Djaka Lodang Edisi Taun 2015**

No	Data	Wujud				Jinis					Pandhapuking
		A	R	C	K	Wj	Uk	Wr	Rs	Mt	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
1	Joko, anak ontang-antinge lagi adhem panas . (KDL: 01: 6/6/2015)			✓					✓		- Wujud: camboran adhem panas ‘raosipun awak ingkang boten sekeca’  - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami badan)
2	Awake ndrodhok lan irunge pijer slentap-slentup. (KDL: 01: 6/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater ndrodhok ‘ing kawontenan getering badan’  - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami badan)
3	Awake ndrodhok lan irunge pijer slentap-slentup . (KDL: 01: 6/6/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwilingga salin swara) slentap-slentup ‘wongsal-wangsul nyerot umbel’  - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami grana)



Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
4	Surtini kaget nalika meruhi plenthing abang-abang ing samburine sirahe Joko. (KDL: 01: 6/6/2015)		✓					✓			- Wujud: rangkep (dwilingga) abang-abang ‘kathah-kathahipun warni abrit’ - abang ‘abrit’ DL - Jinis: tembung kahanan warni (ngandharaken warni ing badan mliginipun kulit)
5	“Alah...., lagi kelas papat wae kementhus .” (KDL: 01: 6/6/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan kementhus ‘asipat umuk, gumedhe’ - kenthus ‘kewan bangsa kintel (kodhok)’ {-um-} - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat salah satunggaling tiyang)
6	Swara mbrengengeng kayadene tawon keprungu ing kupinge. (KDL: 01: 6/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan panambang mbrengengeng ‘asipat nyuwanten gumrenggeng’ {N-} brengengeng ‘nyuwanten gumrenggeng’ - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami talingan)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
7	Bojone Surtini wis kumawani ngadol lemah waris. (KDL: 01: 6/6/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater kumawani ‘asipat kendel’  {kuma-} wani ‘kendel’ - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat saking garwanipun Surtini)
8	“Aku didhawuhi Bu Guru kok,” ujare Joko karo memelas . (KDL: 01: 6/6/2015)				✓				✓		- Wujud: <i>kombinasi</i> memelas ‘ing kawontenan njalari raos welas’  welas ‘raos mesakaken dhateng sanes’ {N-/DP} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
9	Dumadakan ana swara gumlegur bantere kaya bledhek mangsa rendheng. (KDL: 01: 6/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan gumlegur ‘ing kawontenan dhawah nyuwanten mak glegur’  glegur ‘dhawah nyuwanten mak glegur’ {-um-} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami talingan)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
10	Ananging bagean dhadha lan gegere Joko uga pating plenthing abang-abang . (KDL: 01: 6/6/2015)		✓					✓			- Wujud: rangkep (dwilingga) abang-abang ‘kathah-kathahipun warni abrit’  - abang ‘abrit’ DL - Jinis: tembung kahanan warni (ngandharaken warni ing badan tumrap kulit ing jaja saha pengkeran)
11	“Bocah kok ngeyel! Mengko yen nulari kancane piye, Jal?”. (KDL: 01: 6/6/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater ngeyel ‘ing kawontenan nggugu kajengipun piyambak’  {N-} eyel ‘nggugu kajengipun piyambak’ - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat salah satunggaling tiyang)
12	“Ibu ki ora sengit marang awakmu, nanging eman” Ibune ngomong mangkono, Joko mung ndhingkluk . (KDL: 01: 6/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater ndhingkluk ‘ing kawontenan dhungkluk’  {N-} dhingkluk ‘dhungkluk’ - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami mustaka)



Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
13	Wong iku banjur munggah ing ndhuwur tritisane omahe Surtini. (KDL: 01: 6/6/2015)	✓					✓				- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater ndhuwur ‘ing kawontenan inggil’  {N-} dhuwur ‘inggil’ - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran dhuwur saking tritisane griya)
14	Iku panggah ora owah, ora gigrig najan gunung kelud mbledhos . (KDL: 02: 13/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater mbledhos ‘ing kawontenan jeblug’  {N-} bledhos ‘jeblug’ - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami talingan)
15	Suwe-suwe mripate wus ora kuwat mung kari rong watt, ndluyup banget. (KDL: 03: 20/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater ndluyup ‘ing kawontenan kraos ngantuk’  {N-} dluyup ‘kraos ngantuk’ - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat)



Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
16	Mripate isih kriyip-kriyip nyawang tamune. (KDL: 03: 20/6/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwilingga) kriyip-kriyip ‘ing kawontenan kathah-kathahipun kedhep’  kriyip ‘kedhep’ DL - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat)
17	Keprungu lambat-lambat Bu Dirgo ngendikan karo crita. (KDL: 03: 20/6/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwilingga) lambat-lambat ‘ing kawontenan boten cetha’  lambat ‘boten cetha’ DL - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami talingan)
18	Amarga ruwangane adhem banget marakake mripate Citra tambah angel dibuka. Ongap-angop nganti nrococ . (KDL: 03: 20/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater nrococ ‘ing kawontenan tetes’  {N-} crococ ‘tetes’ - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
19	Nanging anggone ali-ali pancen mung arang-arang menawa lagi gelem wae. (KDL: 03: 20/6/2015)		✓				✓				- Wujud: rangkep (dwilingga) arang-arang ‘kathah-kathahipun boten kerep’  - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran let satunggaling bab)
20	Bareng wis cedhak Doni ngomong kanthi krenggosan supaya dipasangake keris. (KDL: 03: 20/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan panambang krenggosan ‘ing kawontenan ambekanipun menggehe-mengehe’  - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami paru-paru mliginipun ambekan)
21	Wangsulane Citra ngawur wae marakake Doni ndomblong ora ngerti. (KDL: 03: 20/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater ndomblong ‘ing kawontenan mlongo’  - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
22	“Ndherek bingah nggih” kandhane Hardi karo mripate kaca-kaca . (KDL: 03: 20/6/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwilingga semu) kaca-kaca ‘ing kawontenan luh ngembeng ing mripat’  kaca ‘pangilon’ DL Semu - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat)
23	“Sinomane ayu-ayu ” kandhane Doni. (KDL: 03: 20/6/2015)		✓			✓					- Wujud: rangkep (dwilingga) ayu-ayu ‘kathah-kathahipun sae praupanipun tumrap tiyang estri’  ayu ‘sae praupanipun tumrap tiyang estri’ DL - Jinis: tembung kahanan wujud (ngandharaken wujud pasuryaning tiyang estri)
24	Mula bareng lulus jadwal saya uyeg-uyegan . (KDL: 03: 20/6/2015)				✓		✓				- Wujud: <i>kombinasi</i> {DL/-an} uyeg-uyegan ‘asipat jejel uyel-uyelan’  uyeg ‘kepyek rame tiyang guneman’ {DL/-an} - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran let satunggaling bab)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
25	Doni mesem ngerti Citra metu karo njaprut . (KDL: 03: 20/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater njaprut ‘ing kawontenan mbesengut’  {N-} japrut ‘mbesengut’ - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami pasuryan)
26	“La kuwi, polatanmu njadhul wae.” (KDL: 03: 20/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater njadhul ‘ing kawontenan peteng pasuryanipun’  {N-} jadhul ‘peteng pasuryanipun’ - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami pasuryan)
27	Doni saya njaprut lan mangkel bua...nget. (KDL: 03: 20/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater njaprut ‘ing kawontenan mbesengut’  {N-} japrut ‘mbesengut’ - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami pasuryan)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
28	Saka kadohan Anton sing lagi nggarap tugas kelompok ing sekolahan nggatekake. (KDL: 04: 27/6/2015)	✓					✓				- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kadohan 'asipat tebih sanget'  {ka-/an} adoh 'tebih' - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran satunggaling bab)
30	Pit dionthel ngliwati dalan sing iring kiwa lan tengene gumelar sawah kang ijo royo-royo . (KDL: 04: 27/6/2015)			✓				✓			- Wujud: camboran (L + <i>Unik</i>) ijo royo-royo 'asipat ijem sanget'  - ijo 'ijem' royo-royo 'ijem sanget' - Jinis: tembung kahanan warni (ngandharaken warni sabin ingkang sadayanipun ijem sanget)
31	Anggone nggenjot ontelan krasa abot. Tekan omah Sumi kempos-kempos . (KDL: 04: 27/6/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwilingga) kempos-kempos 'ing kawontenan menggeh-menggeh'  - kempos 'menggeh-menggeh' DL - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami badan mliginipun jaja)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
32	Maklum dheweke nduweni watak isinin . (KDL: 04: 27/6/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan panambang isinan ‘asipat lingsem’  isingsem ‘lingsem’ {-an} - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat salah satunggaling tiyang)
33	Anton dadi kisinin praupane katon abang mbranang. (KDL: 04: 27/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kisinin ‘ing kawontenan lingsem’  isingsem ‘lingsem’ {ka-/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
34	Anton dadi kisinin praupane katon abang mbranang . (KDL: 04: 27/6/2015)			✓				✓			- Wujud: camboran (L + <i>Unik</i>) abang mbranang ‘asipat abrit sanget’  abang ‘abrit’ mbranang “abrit sanget” - Jinis: tembung kahanan warni (ngandharaken warni ing pasuryan ingkang abrit sanget)


Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
35	Dina kuwi jadwale Sumi padhet saka jam pitu tekan sore jam telu dadi tekan tekan kost kempos-kempos. (KDL: 04: 27/6/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwilingga) kempos-kempos 'ing kawontenan menggehe-menggehe' - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami badan mliginipun paru-paru)
36	Tugase pancen akeh mula kudu dicicil amrih ora kabotan. (KDL: 04: 27/6/2015)	✓					✓				- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kabotan 'asipat awrat sanget' - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran bobot satungaling bab)
37	Jam 11 udan kemricih. (KDL: 04: 27/6/2015)		✓				✓				- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan kemricih 'ing kawontenan grimis' - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran let satungaling bab)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
38	Kaya ngapa kagete Sumi, atine kataton dumadakan Sumi mlayu mlebu kamar. (KDL: 04: 27/6/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan ketaton 'ing kawontenan sakit' - tatu 'sakit' {ka-/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
39	Rambute ireng menges lan pasuryane ayu banget. (KDL: 05: 4/7/2015)			✓				✓			- Wujud: camboran (L + Unik) ireng menges 'cemeng sanget' - ireng 'cemeng' menges 'cemeng sanget' - Jinis: tembung kahanan warni (ngandharaken warni saking rikma)
40	Elena pancen ayu lan eseme pait madu . (KDL: 05: 4/7/2015)			✓					✓		- Wujud: camboran (L+L) pait madu 'asipat manis sanget' - pait 'raos kados raosing bratawali' madu 'toya saking tala tawon ingkang kraos manis' - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami pasuryan mliginipun lathi)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
41	Dheweke ya alus lan apikan . (KDL: 05: 4/7/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan panambang apikan 'asipat sae' apik 'sae' {-an} - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat salah satunggaling tiyang)
44	Aku nyawang Elena kuwi sumringah banget. (KDL: 05: 4/7/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan sumringah 'ing kawontenan bingah' sringah 'bingah' {-um-} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
45	Nyawang ijo-ijo ngene iku marai ngilangake stresku. (KDL: 05: 4/7/2015)		✓					✓			- Wujud: rangkep (dwilingga) ijo-ijo 'kathah-kathahipun warni ijem'  ijo 'ijem' DL - Jinis: tembung kahanan warni (ngandharaken warni saking sesawangan ingkang ijem sanget)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
46	“Dheweke ya apikan marang sliramu”. (KDL: 05: 4/7/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan panambang apikan ‘asipat sae’ <pre> graph TD A[apikan 'asipat sae'] --- B[apik 'sae'] A --- C[-an] </pre> - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat salah satunggaling tiyang)
47	Omah kuna gedhe magrong-magrong . (KDL: 06: 11/7/2015)			✓			✓				- Wujud: camboran (L + <i>Unik</i>) gedhe magrong-magrong ‘asipat ageng sanget’ <pre> graph TD A[gedhe magrong-magrong 'asipat ageng sanget'] --- B[gedhe 'ageng'] A --- C[magrong-magrong 'ageng sanget'] </pre> - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuraning griya ingkang ageng sanget)
48	Wangsulane Ninda kanthi suwarane kang aleman . (KDL: 05: 4/7/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan panambang aleman ‘asipat remen dipunalem’ <pre> graph TD A[aleman 'asipat remen dipunalem'] --- B[alem 'alem'] A --- C[-an] </pre> - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat salah satunggaling tiyang)



Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
49	Tomo krungu ngendikane ibune kang pancen bisa gawe bungah rasa kang sejatine lagi nandhang kasmaran . (KDL: 05: 4/7/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kasmaran 'ing kawontenan sih tresna'  asmara 'sih tresna' {ka-/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
50	Atine wis golong giling . (KDL:07&08:18&25/7/2015)			✓					✓		- Wujud: camboran (L + L) golong giling 'ing kawontenan raos mantep'  golong 'glundhungan ageng' giling 'wewangunan bunder' - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
51	"Apa kelingan bapakne bocah-bocah kang wis kapundhut, Mbak?". (KDL: 07&08: 18&25/7/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan 'asipat langkung enget'  eling 'enget' {ka-/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
52	Nalika ing omahe duwe gawe gedhen mantu mbakyune, ya si Darsi. (KDL: 07&08: 18&25/7/2015)	✓					✓				- Wujud: andhahan mawi wuwuhan panambang gedhen 'asipat ageng' - gedhe 'ageng' {-an} - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran ageng tumrap griya)
53	Bapak lan ibune mahargya kanthi gedhen malah nagnggo nanggap wayang barang. (KDL: 07&08: 18&25/7/2015)	✓					✓				- Wujud: andhahan mawi wuwuhan panambang gedhen 'asipat ageng' - gedhe 'ageng' {-an} - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran ageng tumrap griya)
54	Pasuryane dadi kaget lan abang mbranang . (KDL: 07&08: 18&25/7/2015)			✓				✓			- Wujud: camboran (L + Unik) abang mbranang 'asipat abrit sanget' - abang 'abrit' mbranang 'abrit sanget' - Jinis: tembung kahanan warni (ngandharaken warni ing pasuryan ingkang abrit sanget)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
55	Ing jaba swara gludhug gumlegur . (KDL: 07&08: 18&25/7/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan gumlegur ‘asipat dhawah nyuwanten mak glegur’  - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami talingan)
56	Wayahe wis surup, lampu-lampu wis padha murup, padhang njingglang ora melu irenge langit kang mendhung. (KDL: 07&08: 18&25/7/2015)			✓				✓			- Wujud: camboran (L + Unik) padhang njingglang ‘terang sanget’  - Jinis: tembung kahanan warni (ngandharaken warni saking lampu ingkang terang sanget)
57	Sanalika sing lanang malih dadi plongah-plongoh . (KDL: 10: 8/8/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwilingga salin swara) plongah-plongoh ‘ing kawontenan ngemataken kanthi tutuk menga wiyar’  - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami tutuk)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
58	Ujare Ela sinambi mbrebes luhe nelesi pipine kang alus. (KDL: 11: 15/8/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater mbrebes 'ing kawontenan ili'  {N-} brebes 'ili' Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat)
59	Mripate ireng kuwi kaca-kaca kaya isih ora percaya marang apa sing dumadi wengi kuwi. (KDL: 11: 15/8/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwilingga semu) kaca-kaca 'ing kawontenan luh ngembeng ing mripat'  kaca 'pangilon' DL Semu - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat)
60	Kamangka aku isih kelingan banget, biyen nalika durung antuk kawigaten sing kaya mangkene iku . (KDL: 12: 22/8/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan 'asipat langkung enget'  eling 'enget' {ka-/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
61	Aku isih kelingan lan kaya-kaya prastawa iku lagi wae. (KDL: 12: 22/8/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan ‘asipat langkung enget’ - eling ‘enget’ {ka-/an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)
62	Bojoku katon wibawa, wicaksana, lan kebapakan. (KDL: 12: 22/8/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kebapakan ‘asipat kados rama’ - bapak ‘rama’ {ka-/an} - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat salah satunggaling tiyang)
63	Meneng , nanging ora ana esem ing lambene. (KDL: 12: 22/8/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater meneng ‘ing kawontenan kendel’ {N-} eneng ‘kendel’ - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)



Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
64	Dina-dina iki bojoku wus ora kakehan ngresula maneh. (KDL: 12: 22/8/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater ngresula 'ing kawontenan sambat'  {N-} resula 'sambat' - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat salah satunggaling tiyang)
65	Dina-dina iki bojoku wus ora kakehan ngresula maneh akeh anggone meneng lan nyambut gawe. (KDL: 12: 22/8/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater meneng 'ing kawontenan kendel'  {N-} eneng 'kendel' - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)
66	"Terus aku kudu kepiye?" pitakone bojoku . aku meneng . (KDL: 12: 22/8/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater meneng 'ing kawontenan kendel'  {N-} eneng 'kendel' - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
67	Putrane loro sing mbarep lagi klas loro SD lan adhine isih TK pijer nangis kekejer . (KDL: 13: 29/8/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwipurwa) kekejer 'ing kawontenan seru boten meneng-meneng' - kejer 'seru boten meneng-meneng' DP - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
68	Ibune Retno tumenga, nyawang aku sajak ngemu pitakonan mawa mripate sing kembeng-kembeng . (KDL: 13: 29/8/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwilingga) kembeng-kembeng 'ing kawontenan kathah-kathahipun mambeg' - kembeng 'mambeg' DL - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat)
69	Wektu iku anakku cacah tiga kabeh wadon pancen wis gedhe-gedhe . (KDL: 13: 29/8/2015)		✓				✓				- Wujud: rangkep (dwilingga) gedhe-gedhe 'kathah-kathahipun ageng' - gedhe 'ageng' DL - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran yuswa saking tiyang)



Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
70	Bocah telu sekolahe padha pinter-pinter . (KDL: 13: 29/8/2015)		✓							✓	- Wujud: rangkep (dwilingga) pinter-pinter 'kathah-kathahipun wasis'  - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)
71	Olehe bebrayan tansah atut runtut lan ayem tentrem. (KDL: 13: 29/8/2015)			✓					✓		- Wujud: camboran {L + L} atut runtut 'rukun sanget'  atut 'sae anggenipun sesomahan' runtut 'nunggal laras' - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
72	Olehe bebrayan tansah atut runtut lan ayem tentrem . (KDL: 13: 29/8/2015)			✓					✓		- Wujud: camboran {L + L} ayem tentrem 'jenjem'  ayem 'boten gadhah susah' tentrem 'boten gadhah was sumelang' - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
73	Diwelehake mangkono aku meneng . (KDL: 13: 29/8/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater meneng 'ing kawontenan kendel'  {N-} eneng 'kendel' - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)
74	Kringete Pras dleweran . (KDL: 14: 5/9/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan panambang dleweran 'ing kawontenan mili mandhap'  dlewer 'mili mandhap' {-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami badan ingkang medalaken kringet)
75	Tangane nggregel . (KDL: 14: 5/9/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater nggregel 'ing kawontenan ewah getering asta'  {N-} gregel 'ewah getering asta' - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami badan mliginipun asta)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
76	Eluhe dleweran ing pipine. (KDL: 14: 5/9/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan panambang dleweran 'ing kawontenan mili madhap'  dlewer 'mili mandhap' {-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami mripat)
77	Kelingan lelakon sing dialami patang taun kepungkur. (KDL: 14: 5/9/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan 'asipat langkung enget'  eling 'enget' {ka-/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)
78	Sadalan-dalan ngramun. Pras (KDL: 14: 5/9/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater ngramun 'ing kawontenan domblong'  {N-} lamun 'domblong' - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
79	Kelingan tembang kuwi, temen mujudake wulangan seniman jaman biyen. (KDL: 14: 5/9/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan ‘asipat langkung enget’  eling ‘enget’ {ka/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)
80	Dadi kelingan marang mlathi piwenehanku kang terus kokrumat. (KDL: 14: 5/9/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan ‘asipat langkung enget’  eling ‘enget’ {ka/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)
81	Ana rasa sepi kang kelangan kang gedhe banget nalikane aku lan sliramu kudu kapisah. (KDL: 14: 5/9/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelangan ‘ing kawontenan kraos ical’  ilang ‘ical’ {ka/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
82	Aku lan sliramu kepeksa kapisah jalaran padha-padha ngaboti pilihane dhewe. (KDL: 14: 5/9/2015)	✓					✓				- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan ngaboti 'ing kawontenan sengaja awrat' - abot 'awrat' {N-/i} - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran bobot kekajenganipun satunggaling tiyang)
83	Sliramu mung meneng lan menehi eseman manis. (KDL: 14: 5/9/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater meneng 'ing kawontenan kendel' {N-} eneng 'kendel' - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)
84	Aku dadi kelingan maneh marang sliramu. (KDL: 14: 5/9/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan 'asipat langkung enget' - eling 'enget' {ka-/an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
85	Aku trima meneng ngrungokake omongane para kanca. (KDL: 16: 19/9/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan 'asipat langkung enget' - eling 'enget' {ka-/an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)
86	Aku akeh meneng. (KDL: 16: 9/9/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater meneng 'ing kawontenan kendel' {N-} eneng 'kendel' - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken <i>sipat</i> satunggaling tiyang)
87	Kaya-kaya nang kono sing dadi tamune wong gedhe-gedhe. (KDL: 16: 9/9/2015)		✓				✓				- Wujud: rangkep (dwilingga) Gedhe-gedhe 'kathah-kathahipun ageng' - gedhe 'ageng' DL - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran dhuwur mliginipun pangkat satunggaling tiyang)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
88	Aku kelingan yen kanca-kanca rak ya seneng rujakan. (KDL: 17: 26/9/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan ‘asipat langkung enget’ - eling ‘enget’ {ka-/an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)
89	“Nanging gawanku akeh, motore kabotan ora?”. (KDL: 18: 3/10/2015)	✓					✓				- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kabotan ‘asipat langkung awrat’ - abot ‘awrat’ {ka-/an} - Jinis: tembung kahanan ukuran (ngandharaken ukuran bobot satungaling barang)
90	Nardi kaget, tangane nganti gemeter . (KDL: 18: 3/10/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan gemeter ‘ing kawontenan ewah’ - geter ‘ewah’ {-um-} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami badan mliginipun asta)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
91	Alise njengkerut . (KDL: 18: 3/10/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater njengkerut 'ing kawontenan jekethut'  {N-} jengkerut 'jekethut' - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami imba)
92	Evi meneng anggone nangis. (KDL: 18: 3/10/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater meneng 'ing kawontenan kendel'  {N-} eneng 'kendel' - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken <i>mental</i> salah satunggaling tiyang)
93	Kelingan nalika lulus STM patang taun kepungkur. (KDL: 19: 10/10/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan 'asipat langkung enget'  eling 'enget' {ka-/an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
94	Aku banjur kelingan marang bocah cilik, ngeyel, lan <i>hyperaktif</i> . (KDL: 19: 10/10/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan 'asipat langkung enget' - eling 'enget' {ka-/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)
95	Aku banjur kelingan marang bocah cilik, ngeyel , lan <i>hyperaktif</i> . (KDL: 19: 10/10/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater ngeyel 'ing kawontenan nggugu kajengipun piyambak' {N-} eyel 'nggugu kajengipun piyambak' - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)
96	Aku meneng maca smse iku. (KDL: 19: 10/10/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater meneng 'ing kawontenan kendel' {N-} eneng 'kendel' - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
97	Yen kelingan kakunge, Ibu mau sok njur ngondhok-ondhok. (KDL: 20: 17/10/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan ‘asipat langkung enget’ - eling ‘enget’ {ka-/an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)
98	Gumeter , rasa sir, rasa ketarik, apa iki sing diarani rasa ketarik marang seje jenis. (KDL: 22: 31/10/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan gemeter ‘ing kawontenan ewah’ - geter ‘ewah’ {-um-} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
99	Sawangen aku mas, yen atimu ndhredheg . (KDL: 22: 31/10/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater N ndhredheg ‘ing kawontenan geter’ {N-} dhredheg ‘geter’ - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
100	Awakku, ndhredheg , ana rasa kepingin ngrangkul anggane Bu Ririn. (KDL: 22: 31/10/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater ndhredheg 'ing kawontenan geter'  {N-} dhredheg 'geter' - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami badan)
101	Aku meneng wae kaya sapi ompong. (KDL: 22: 31/10/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater meneng 'ing kawontenan kendel'  {N-} eneng 'kendel' - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)
102	Aku tansah kelingan welinge Pak Nuryakin. (KDL: 22: 31/10/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kelingan 'asipat langkung enget'  eling 'enget' {ka-/an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami penggalih)




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
103	Marto Lincak gemeter awake. (KDL: 23: 7/11/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan gemeter ‘ing kawontenan ewah’  geter ‘ewah’ {-um-} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami badan)
104	Sebab nek aku kandha karo anak bojoku mesthi dha wedi mula aku meneng wae. (KDL: 25: 21/11/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan ater-ater meneng ‘ing kawontenan kendel’  {N-} eneng ‘kendel’ - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)
105	Kumendel tarung apadene nantangi jago-jago liyane. (KDL: 26: 28/11/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan kumendel ‘ing kawontenan wantun’  kendel ‘wantun’ {-um-} - Jinis: tembung kahanan <i>mental</i> (ngandharaken sipat satunggaling tiyang)


Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
106	Ana rasa gumuruh ing dhadhane Teguh. (KDL: 26: 28/11/2015)	✓							✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan gumuruh 'ing kawontenan nyuwanten rame' - guruh 'nyuwanten rame' {-um-} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami jaja)
107	Apa tumindak kaya ngono kuwi mau tumindak sing njalari wong banjur dadi slamet rahayu lan ayem tentrem . (KDL: 26: 28/11/2015)			✓					✓		- Wujud: camboran {L + L} ayem tentrem 'jenjem' - ayem 'boten gadhah susah' tentrem 'boten gadhah was sumelang' - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
108	Kandhane Jokasmo karo tangane bola-bali ngusap kringet gemrobyos kang nelesi pilingane. (KDL: 27: 5/12/2015)	✓								✓	- Wujud: andhahan mawi wuwuhan seselan gemrobyos 'ing kawontenan dlewer' - grobyos 'dlewer' {-um-} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami kulit)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
109	Jokasmo rada was-was . (KDL: 27: 5/12/2015)		✓						✓		- Wujud: rangkep (dwilingga) was-was 'ing kawontenan sumelang/kuwatir'  was 'sumelang/kuwatir' DL - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)
110	Krungu jawaban mangkono siraha Jokasmo rasane cleng-clengan . (KDL: 27: 5/12/2015)				✓				✓		- Wujud: <i>kombinasi</i> cleng-clengan 'ing kawontenan kraos ngelu sanget'  cleng 'kraos ngelu sanget' {DL-/an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami mustaka)
111	Martini dheg-dhegan nalika nalika krasa lon- lonan gegamane Pak Raharto dikencengi lan ora enggal diculake. (KDL: 28: 12/12/2015)				✓				✓		- Wujud: <i>kombinasi</i> dheg-dhegan 'ing kawontenan mak tratab'  dheg 'mak tratab' {DL-/an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
112	Aku ngerti yen panjenengan sawise daktinggal tansah ngrasa kasepen . (KDL: 29: 19/12/2015)		✓						✓		- Wujud: andhahan mawi wuwuhan sesarengan kesepen'ing kawontenan sepen/suwung'  sepi 'sepen/suwung' {ka-/-an} - Jinis: tembung kahanan raos (ngandharaken raos ingkang dipunalami manah)

Katrangan:

A : Andhahan

Wj : Wujud

DL : Dwilingga

R : Rangkep

Uk : Ukuran

DP : Dwipurwa

C : Camboran

Wr : Werni

DLS : Dwilingga Salin Swara

K : *Kombinasi*

Rs : Raos

DL Semu : Dwilingga Semu

N : Nasal

Mt : *Mental*

KDL : Kalawarti Djaka Lodang

L : Lingga